

KUTUMWA KWANGU



Maita henyu, hama.

² Manheru akanaka. (Maita henyu, hama.) Manheru akanaka mose. Ndinofara zvikuru kunge ndiri kunze manheru ano; ndichinzwa zvakanaka. Ndiri kunzwa zvakanaka kubva pamusangano husiku hwapfuura. Chakave chikomborero chikuru kwandiri kuona mudzimai uya bofu anonzwise urombo achigamuchira kuona kwake. Uye nevamwe vazhinji . . .

³ Ndawana tsamba inokurudzira nhasi iyo mumwe mudzimai, zvichida ari pano iye zvino, anga achindiudza zvimwe zvezvinhu zvakaitika kwaanogara nezuro mushure mehusiku hwacho tisati tava nemusangano wekupedzisira, kuti Ishe vakadzoreredza sei kunzwa kumudzimai akanga ave matsi zvachose kwenguva yakareba, uyo—uyo akati, akataura kuti Mutumwa waJehovha akauya mumba maaive ndokumupa kunzwa kwake. Uye anongogona chaizvo . . . Tinoda kuva nechapupu chake, ochinyora kumashure uko. Uye saka, zvakanaka kwazvo. Uye tinofara nekuda kwazvo, kutongofara chaizvo.

⁴ Uye saka, tanga tichironga kuti tizovhara musangano Svondo manheru, asi takasarudza kuti zviri nani tisadaro, zvichida zviri nani tingoenderera mberi zvisihoma. Tanga tiri . . . Tanga tiri kuzo . . . [Ungano inoombera maoko—Mupepeti] Maita henyu. Ndinokutendai zvakananyanya. Ndinokutendai zvikuru kwazvo, zvinondiita kuti ndinzwe zvakanaka.

⁵ Chikonzero chandanga ndichizviitira, hazvisi nekuti hapana mushandirapamwe pano, asi zvaive mukuremekedza Hama Freeman, munoona, zvino ndaisada kuita panguva imwe chete yavanga vari kuitawo. Uye dai ndakafunga kuti ndanga ndiri kudzivisa musangano wavo nechero nzira ipi zvayo, ndaisazodaro. Asi ndi—ndi—ndichangobva kuwana katsamba kaduku nguva shoma yapfuura, saka ndiri kunzwa zviri nani kwazvo pamusoro pazvo zvino, kuti zvaka—zvakanaka, saka . . . Maita henyu. Maita henyu zvikuru.

⁶ Zvakangoti vhiringidzikei zvisihoma pakati pedzimwe hama dzinoshumira kuti misangano yedu yakapingana, takapinda muguta rimwe chete panguva imwe chete. Uye ndine chokwadi chekuti hatingade kuita izvozvo. Asi hatidi kuti imi vanhu mufunge kuti tiri kuedza kungokumbunyikidzai.

⁷ Asi ndinotenda sekuti, ndinotenda kuti Jakobho akachera rimwe tsime, zvino vaFiristia vakamudzingapo, ndokuritumidza kuti Pfini; uye akachera rimwe, vakamudzinga, uye akaritumidza kuti Bope; saka akachera rechitatu, akati, “Pane nzvimbo yedu tose.” Saka . . . Maita henyu. Ndinokutendai zvikuru.

⁸ Saka, Hama Freeman pamwe neni pataiva muguta diki riya, Chicago, zvinoka, ndakazvisiya zvakadaro, ndokuenda, munoziva, uye takanga tine...Asi pane nzvimbo yedu tose muCalifornia, takazviwanira tsime guru pano. Mwari vakuropafadzei, hama. Mumwe munhu akandiudza kuti guta rino rine mamaera 450 kumativi ese pakukura. Saka pane nzvimbo yakakura, handizvo here? Vanhu vazhinji vanorwarawo, zvakare, saka, vazhinji vavo vauya pano nekuda kwehutano hwavo. Uye ndinongovimba kuti Mwari vachatipa musangano mukuru kuno, tose tiri vaviri, uye vacharopafadza masevhisi acho kwese hako, nembuserere dzose nevashumiri kwese-kwese.

⁹ Uye mangwana, Sabata, ngatinamatei kuti Mwari vagopa mweya yakawanda munyika mose, kwese-kwese, kuitira kubwinya kwaVo. Pamusoro pezvose, tiri kuenda Kumusha nenguva isipi, munoziva, uye tiri kungogadzirira zvino, saka ngatirambei takazvichenesa nguva dzese, saka hatizive kuti zvingaitika panguva ipi.

¹⁰ Uye tinoVada; uye ndine chokwadi chekuti munoVada kana kuti mungadai musiri pano. Uye pane kamwe kadodzi kadiki mumoyo mako kekuti unoda Mwari, kana kuti hawaizouya pano zvachose, waizonge uri kune imwewo nzvimbo. Saka, tinofara kuti unodaro.

¹¹ Saka, manheru apfuura waive musangano wa—wakanaka kwazvo, uye—uye manheru ano tinotarisa kuti uve mumwe musangano mukuru kunaShe vedu. Dai Vakangowedzera maropafadzo aVo. Uye zvino, mangwana masikati, Ishe vachitendera, ndi—ndinoda kutaura nemi mangwana masikati, kungoti, zvinoka, kana mungazvidana henyu kuti kuedza kuparidza. Ini, sezvandakakuudzai pane imwe nguva, ndakangofanana nevhiri resipeya kana zviri zvekuva muparidzi, munoziva. Ndipo apo...Munoziva, kana uine vhiri raponja, unoshandisa resipeya pakufamba. Saka isu...Asi hatina rakaponja, asi vari kuzongorishandisa, zvakadaro.

¹² Saka mangwana masikati...ndinogara ndichiedza kutaura masikati. Uye vanhu vanonditorera mupiro we—wemishinari uyo—uyo unobatsira mamishinari ari mhiri kwemakungwa kuminda yekuvhangerwa yenyika dzekunze. Handina kumbobvira ndakaziva kuti chii chinonzi mamishinari kusvika ndazviravira ini pachangu. Zvinobwinya, asi, oo ini zvangu, kana paine munhu anoda betsero, ndiye mumishinari anonzwisa urombo ari kunzvimbo dziri kure-kure ikoko uko kwaanorwisana nezvose, uye kunyanya avo vari kurwisana muhondo nezvinhu zvemweya.

¹³ Uye saka, mangwana masikati, ndi—ndinotenda kuti na 2:30, handizvo here, hama, ndipo patiine...? 2:30 mangwana masikati. Uye tingafara zvikuru nokuda kwenyu, kana—kana kuchechi kwenyu kusina sevhisi...Zvino, mangwana iSvondo,

uye—uye kumachechi kwenyu kune sevhisi, saka tingafara zvikuru, kana kwenyu musina sevhisi, kuti muzouya kuno. Honguka, kana muine sevhisi muchechi menyu, mungava wako wekumira panzvimbo yako panguva yesevhisi yenyu, munhu wese ari kuchechi kwavo. Asi kana usina chechi, uye imi . . . kana kuti kwenyu musina chechi, huya uzova nesu. Uye rangarirai zvakare, mbuserere dzose dziri kuitika muguta nekwese-kwese. Uye Mwari . . . Uye namatai kuti Mwari vatumire vamwezve vakohwi vegoho, nokuti zvirokwazvo tinovada.

¹⁴ Uye vazhinji vevanhu vedu vanodikanwa vari kunditumira kokoro dzekuuya kuzosvuvura pamwe navo, uye—uye, oo, zvirokwazvo ndinoshuva kuti dai ndaikwanisa kuzviita kune, munhu wese. Uye ndingada kuzviita, asi zviri, zvakaite sekundiomera kuzviita, ndinoty kuti kana ndikaenda nemumwe kwete nemumwe wacho, zvingazovaita kuti vafunge kuti ndakafunga zvakananyanya pamusoro peiyeye kupfuura mumwe wacho, handidaro. Asi ndi—ndinokudai mose, uye ndinoda kuti mundide, uye kana tichida Ishe, tichava nemanzwiro iwayo pamusoro pemumwe nemumwe. Saka, uye tobva ta . . . Rimwe zuva, ndichaenda kunosvuvura pamwe nemi mose. Amen. Hazvizove zvakanaka here izvozvo? Ndinongofunga kuti, mushure mekunge hondo yapera uye chiutsi chapera, tinouya, tosangana nevadikani vedu, zvino tobva tasangana naYe, tigere hedu patafura takatarisana. Hazvizove zvakanaka kwazvo here izvozvo? Hakuzombova nedondoro kana wiricheya patafura iyoyo, kana kwete . . . Oo, hazvizova zvinoshamisa here izvozvo?

¹⁵ Zvino patinoona zvese izvozvo takagara ipapo hedu, ndinotarisa kune rimwe divi retafura, ndobva ndati, “Zvinoka, Mwari vakuropafadzei, hama. Ini zvangu!” Uye zvadaro ticha—tichatochema zvishoma. Hamutende kudaro here? Kana tichikwanisa, tichangochema zvishoma nemufaro.

¹⁶ Uye zvadaro pachigaro chikuru chepatafura pachabuda Mambo wedu ari muHushe hwaKe, Achafamba achiuya kwatiri tese, uye otimbundira nemaoko aKe, oti, “Makatambudzika zvikuru, makapindana nezvakawanda nokuda kwaNgu.” Opukuta misodzi yose kubva paziso, oti, “Zvino, usachema zvakare. Tave—tave . . . Zvaperu zvino.” Oo, nekuda kwenguva huri iyoyo! Ndosaka tiri pano, handizvo here? Hazvizovi zvakanaka kwazvo here kunzwa ruoko rwaKe rwakakumbundira, achiti, “Zvino, usachema. Pinda mumufaro waShe, wakarwa kurwa kwakanaka.” Saka tichiri pano uye tichiine mukana uyu, ngatirwei kurwa kwakanaka, kurwa chaiko.

¹⁷ Ndinoda kuverenga rimwe Gwaro, uye tobva tatongotanga takananga mumutsara wekunamatira vanhu, kuti tiwane nguva yakanaka, tobuditsa vanhu nekukurumidza, kuti musazononoka kuSunday school yenyu mangwanani. Uye tiri kuedza kuita tsika

iyoyo, kana tichikwanisa, kukurumidza kubuda, uye kuitira kuti vanhu vagone kuenda kubasa uye vozodzoka zvakare, zvino, pahusiku hunotevera hwacho.

¹⁸ Vangani vari pano kekutanga? Ngationei maoko enyu, kudarika...Ini zvangu, zvakaivonaka! Ngativaombererei maoko, vose vari pano vasati...Zvakaisvonaka! Ndizvozvo. Ini zvangu, tinofara kwazvo kuva nemi pano uye nokuzivana nemi. Ndinoshuva dai ndaigona kukukwazisai neruoko ndokugamuchirai. Asi ndinonamata kuti Mwera Mutsvene angaisa maoko aKe pauri, zvino oti, “Hezvino zvaanoreva, kuti u—unogamuchirwa.”

¹⁹ Uye zvino, mushumiro, shumiro dzedu dzinoti siyanei zvishoma nezviri, kazhinji, mushumiro dzekupodza kwaMwari dzatinouya kwadziri, zviri pasi pekushanda kwechisikwa chemweya Chakasangana neni makore mashoma apfuura. Uye sezvo iyi iri dzidziso chaiyo yechiBaptisti, ini...Munondinzwa ndichitaura nguva zhinji, pamusoro pekuva muBaptisti, zvino, ini—ini handisi mu—muBaptisti, ndiri mu—ndiri Mukristu, ndizvozvo. Ndinogona kungoramba ndiri muBaptisti, uye ndova Mukristu, nzwisisai.

²⁰ Asi—asi nguva shoma yapfuura paLittle Rock, ini...paiva nemumwe murume aiva nemadondoro, uye anga...aive afamba nawo kwemakore, zvino akapinda mumutsara, uye Ishe vakamupodza. Oo, aifara zvikuru! Uye aidanidzira, achidzika nemugwagwa nedondoro rimwe chete rakaremba pamusoro perimwe racho, achipupura kumunhu wese, achidzika nemuLittle Rock.

²¹ Zvino husiku hwakatevera, akadzoka musevhisi, ndokusimuka, akati, “Nhai, Hama Branham, ndakakunzwai muchiti...Handisi kuzvinzwisisa.” Akati, “Zvino,” akati, “pandakakunzwai muchiparidza, ndakagutsikana kuti muri muNazarene.” Iye ndizvo zvaiva. Akati, “Ndakagutsikana kuti muri muNazarene.” Akati, “Ndokuzobva ndaona vanhu vose vechiPentekosti, ini ndikati, ‘Kwete, muPentekosti.’ Uye pano muri kuti muri muBaptist.” Akati, “Ini—ini handisi kuzvinzwisisa.”

Ndikati, “Oo, zviri nyore, baba.” Ndakati, “Ndiri muBaptisti wechiPentekosti wechiNazarene.”

²² Saka, ndizvo...Hongu. Mwari vanotida tose. Kuburikidza neMwanakomana waVo, tose tiri vanakomana nevanasikana nekuberekwa patsva muHumambo.

²³ Uye saka ndaive...Chokwadi, ini...Ndizvo...ndakagadzwa muchechi yeMissionary Baptisti, uye handisati ndambogadzwa mune imwe chechi kubva ipapo. Asi ndichiuya mushumiro dzekupodza kwaMwari, ndinozviita kuti ive yevhangeri rinosanganisira vanhu vose, ichingova inosanganisira masanganano ose evanhu vose. Kungo...Mwari

havambobvunza mumutsara kuti uri muMethodisti, kana muBaptisti, kana muKatorike, kana zvacho zvauri, unopodzwa nekutenda kwako; nekutenda kwako unopodzwa.

²⁴ Uye, asi handingadi kuti mufunge zvino kuti iyi idzidziso yeBaptist chaiyo pandinoti zvipo nekudanwa hazvinei nekutendeuka, ndinotenda kuti kuda kwaMwari kwakafanogadzwa.

²⁵ Pandaiva mukomana mudiki...Nhasi...Mudzimai uya akaita mufananidzo uya wekabhini duku yandakaberekerwa mairi, wanga wakanaka chaizvo. Zvino pandakaberekwa, pakava neChisikwa chemweya chakauya mukamuri, chakada kungoenzana nechimwe chezviedza izvo *apo*. Chakanditevera mazuva ose ehupenyu hwangu kusvika panguva ino. Handina kuziva kuti Chaiva chii. Ini...Vanhu vangu vakanditangira vaiva maKatorike. Ndiri muIrish kumativi ose, baba naamai; uye pane kuregererwa pane izvozvo. Saka, ndi—ndi—ndine... Zvino mumwe munhu akati, “Imi muri muIrish uye muchibva kuKentucky, zvakare, oo ini zvangu, zvinobva zvatoshata chaizvo.” Saka ini...Asi Mwari vakandiitira tsitsi, uye Vakandiita Mukristu kubudikidza neMwanakomana waVo Jesu Kristu, uye ndinofara kwazvo. Uye ipapo pandakava Mukristu...

²⁶ Pandaiva mukomana mudiki, ndisati ndava Mukristu, ichi chaiuya kwandiri, chotaura neni, uye chondiudza zvinhu zvaizoitika. Zvino, zvaitondivhundutsa kunge ndichafa, potse. Ndaihuta-huta uye ndichidedera nezvazvo. Asi zvaizo... Chakataura kwandiri pekutanga mugwenzi, semhepo iri kutenderera mugwenzi, uye chakandiudza kuti ndisambofa ndakanwa, kana kuputa, kana kusvibisa muviri wangu, kuti paizova nebasa rokuti ndizoitika. Uye mukufamba kwehupenyu, ndakaedza kurarama kuva murume kwaye, uye handina kunzwisiswa. Uye kunyange baba vangu vakanditi ndaiva zigadzi chairo, nekuti ndaisanwa doro sevamwe vanhu vese vekwaBranham, ne—nevamwe vakadaro. Asi paiva nechimwe Chinhu mumoyo mangu chaisanditendera kuti ndinwe, Aiva Kristu. Uye ndine imwe pfungwa, ndinogona kunge ndisiri raiti pane izvi, ndinofunga kuti Mwari vakanga vachichengetedza izvi kuitira vanhu vaVo, kuti vabatsirike nazvo. Handina imwe nzira yandaigona kufunga, nekuti pamasikirwo, ndaitova kune imwe nzira. Saka, vanhu vangu vese vanonwa nezvimwewo zvakadaro. Sezvakangoita kana ukadyara tsanga yechibage, kana iri tsanga yekenya, inobereka chibage chekenya, munooni, asi kunze kwekunge paine kushandurwa kwaitwa, uye panguva ino, Mwari ndivo vakazviita.

²⁷ Uye saka zvino pamberi apo, chai—chaiuya kwandiri, uye chotaura neni, chondiudza zvinhu zvakanga zviri kuzoitika. Zvino, ndakagarira kure nacho. Uye mushure mekutendeuka kwangu, chechi yangu ini, chechi yeBaptisti, ndakazviudza

vamwe vashumiri, nevamwe vakadaro, uye vakandiraira kuti ndigarire kure naCho, vakati, “Usambofa wakava nechekuita nacho, hachina kunaka. Saka, kana chimwe chinhu chikauya kwauri,” vakati, “isu . . . Mazuva iwayo e—ezvemweya, uye zviri kune rimwe divi.” Vakati, “Tinorarama neShoko.”

²⁸ Ndakaverenga rimwe zuva pakanzi tsamba inouraya, asi Mweya unopa Hupenyu. Saka, nda—ndakaedza kuzvisundira kure. Ndakazvicherechedza, ndikagara pasi ndikaedza kuzvifunga nenzira yakanakisisa yandaigona, ini ndikati, “Ishe, kana ndanga ndiri kukanganisa, ndiregerereiwo.” Uye chakapinda mukamuri uye kukauya kwandiri panguva iyoyo, mumwe murume, akareba zvingada kuita mafiti 6, asi ari mushava, bvudzi dema kusvika pamafudzi aKe, achirema zvingada kuita mapaundi 200 pahuremu hwemunhu, uye akandiudza kuti ndakaunzwa panyika ino kuzonamatira vanorwara, kana ndikavaita kuti vatende uye ndova ndakaperera pandinonamata, kuti hapana chaizomira pamberi pemunamato wacho.

²⁹ Ndakabvunza murume uyu, zvandaive murombo imwe nyaya yacho, uye ini, ndisina kudzidza, zvino ndakati, “Vanhu havangambonditenda.” Ndakati, “Handaigona kuita kuti vanhu vanditende.”

³⁰ Uye akandiudza kuti ndaizonamatira madzimambo nemadzishe, nevamwe vakadaro; ndakatadza kuzvitenda izvozvo. Mukomana ane dzidzo yekupuraimari, uye kunamatira ma—madzimambo nemadzishe, handina kukwanisa kuzvitenda zvachose. Asi, ndaiziva kuti akanga asati ambondiudza chinhu chisiri icho, asi aive akamira pedyo. Ndakanzwa inzwi, ndikaona zviratidzo.

³¹ Angaita makore 12 akapfuura, ndaibhabhatidza boka rangu rekutanga mushure merwangu, rumwe rwerumutsiriro rwangu kuJeffersonville, Indiana kunova kwandaigara panguva ino, kune musha wangu, waro, uye vamire pamahombekombe eRwizi rweOhio uko . . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . . vakanga vaungana. Zvino pandakanga ndichibhabhatidza, dzaiva 2 o'clock kwave kunodoka, muna Chikumi, uye munhu wechi 17 wandaibhabhatidza mumvura paRwizi rweOhio kuzasi kweSpring Street, zvino ndakanzwa chimwe Chinhu chichitaura, uye ndokunzwa chimwe Chinhu chichindibata. Zvino ndakatarisa kumusoro, uye pandakadaro, kubva muKubwinya kwakauya chaitenderera ichi chichidzika zasi pandaive ndiri.

³² Bepanhau re*Courier Journal* rakanyora nyaya yacho, rakati, “Nyeredzi isinganzwisike inoonekwa pamusoro pemufundisi weBaptisti wemuno achibhabhatidza murwizi.” Havana kukwanisa kuzvinzwisisa. Oo, vanhu vanogona kusvika 10,000 vakaChiona paChaidzika pasi pandaiva, ndokudzokera

kumusoro kumatenga, chakanyatsouya pandaiva ndokudzokera kumusoro mudenga. Zvino, ini . . . Vazhinji vakandibvunza kuti Chairevei, ndikati, “Handizive.”

³³ Asi zvino uyu paakauya, akandiudza . . . Nguva iyi aitotaridzika, aitova munhu chaiye. PandakaMuudza kuti ndaitya kuti vanhu vaisazonditenda, akati ndaizopihwa zviratidzo 2 samuporofita Mosesi akapihwa kuti zvigosimbisa, kana kuti, nemamwe mashoko, kuzvijekesa kwamuri imi vanhu, kana chero vanhu kuti ndiri kutaura chokwadi. Maona? Ndizvozvo.

³⁴ Zvino, vanhu vanogona kutaura chero chinhu, asi kana Mwari vakasapindura kuti ichokwadi, ipapo hachisi chokwadi; asi kana Mwari vakapupura kuti ichokwadi, zvino ndaizozvitenda; kana Mwari vakataura kudaro, ndaizozvitenda. Zvino, ndinoda kuti mutende kuti ichokwadi.

³⁵ Zvino vakandiudza kuti ndaizoziva zvirwere nekubata ruoko rwemunhu, kutanga. Kana ndikaremekedza, ndo—ndoenderera mberi, zvaizoitika pane imwe nguva kuti ndaizokwanisa zvino kuziva zvinhu zvakaitwa nevanhu muhupenyu hwavo hwekare, uye—uye ndokwanisa kuvaudza zvaizova pamberi pavo.

³⁶ Uye zvakare pandainzvera kwechinguvana, Akataura nezveMagwaro andinowanzotaura nezvawo pamusoro paJesu weNazareta, ndichiziva kuti akanga Asinganzwisiswa, uye akandizivisa kuti ini handaizonzwisiswa; uye handinzwisiswa nevazhinji. Asi ndinotenda zvikuru kuti vazhinji vakatenda Mharidzo. Zvino Jesu haana kunzwisiswa.

³⁷ Pakauya mumwe munhu kwaAri imwe nguva, Natanaeri akaenda ndokunotora hama yake, ndipo chaipo pakataurwa neNgirozi iyi, kana—kana kuti, Firipi akaenda akanotora Natanaeri, paakauya, Jesu akati, “Tarirai muIsraeri chaiye, asina nduru maari!”

Akati, “Makandizivira kupi, Rabhi?”

Akati, “Firipi asati akudana, pawakanga uri pasi pemuti.”

³⁸ Zvino tarisai moyo wake. Zvino, angadai akadududza, uye oti, “Pane masaramusi pazviri izvi.” Angadai asina kumbogamuchira ropafadzo raakawana. Asi akati, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari, Mambo weIsraeri.” Zvino akawira pasi kuti aMunamate, ndokupa rumbidzo kuna Mwari. Moyo wake wakanga wagadzirira kugamuchira mushure mekunge Jesu aZvisimbisa kwaari kuti Aiva zvaAkataura kuti aiva.

³⁹ Zvino mumwe mudzimai, imwe nguva akauya kwaAri patsime, ndokubva Akataura naye kwechinguvana kuti abate mweya wake, zvino Akataura naye, achiti, “Enda unotora murume wako.”

Akati, “Handina kana.”

Akati, “Wataura zvakanaka, une 5, uye wauinaye iko zvino haasi murume wako.”

⁴⁰ Akati, “Ndinoona kuti Muri Muporofita,” nezvimwe zvakadaro. Paakaenda kunoudza vanhu vake, “Huyai, muone Murume Andiudza zvole zvandakaita.” Akafadzwa zvakati wedzerei, haAna kumbomuudza zvinhu zvole, asi Akaziva kuti kana... Zvino honai izvi: Akaziva kuti kana Jesu aziva izvi, Aitoziva zvinhu zvole. Maona? Ndizvozvo. Aiziva zvinhu zvole kana Aiziva izvozvo, Mwari vaigona kuzvizarura kwaAri.

⁴¹ Zvino kana ukacherechedza, shamwari yangu inodikanwa Mukristu, mugari pamwe neni muHumambo hwaMwari, Jesu akapupura paaiva panyika kuti haAna chaaiita iye pachaKe, kuti Aingoita chete zvaAiratidzwa naBaba kuti aite kubudikidza nechiratidzo. Ichokwadi here? Ndizvozvo. Munoono? NezvaAkaratidzwa naBaba chete. Munoono? Akati, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri, Mwanakomana haagoni kuita chinhu pachaKe, asi izvo Baba vanoMuratidza, ndizvo zvinoitawo Mwanakomana.”

⁴² Makacherechedza here Razaro paakanga afa? Jesu, vakaMutumira kuti auye kuzonamatira Razaro, haAna kuuya, Akangoenderera mberi. Hameno kuti sei. Aiva nechiratidzo chekuti Razaro aifanira kufa. Saka paAkapfuurira mberi, kana mukacherechedza Magwaro nepedyo, Anoenderera hake mberi, vakatumira zvakare, haAna kuuya, ndokuenda mberi. Zvino mushure mekunge iYe... Akati mushure mechinguvana, “Shamwari yedu Razaro arara.” Kana kuti, “Afa,” Akavaudza zviripachena. Uye saka Akati, “Asi nekuda kwenyu, Ndinofara kuti Ndanga ndisiko, asi Ndinoenda kunomumutsa.”

⁴³ Zvino, maringe neMashoko aKe emuna Mutsvene Johane 5:19, Baba vakanga vatoMuratidza kare zvakanga zvirikuzoitika, nokuti Akati, “Mwanakomana hapana chaanogona kuita kunze kwezvaAnoratidzwa naBaba.” Ndizvo here? Zvino paguva, tarisai munamato waKe. Akati, “Bvisai dombo.” Asi kana achizomuka, tobvisirei dombo? Madzimai acho aivawo nechimwe chinhu chekuita, munoono. Akati, “Bvisai dombo.”

⁴⁴ Uye Akati, “Baba, ndinoKutendai nokuti MakatoNdzinza kare. Asi Ndazviture nekuda kwevava vakamira pano.” Munamato wemazuva ose, uye nguva dzose... kungovaita kuti vazive, zvino Akadana Razaro kubva—kubva kuvakafa.

⁴⁵ Zvino, zvimwe chetezvo... Uye muna Tenzi wedu achiita zvinhu izvozvo, nekufanotaura zvinhu izvozvo, uye achitaura izvo chete zvaAkaratidzwa naBaba, chete... Aiziva paive pakasungirirwa manyurusi 2 imwe nguva; Aiziva paiva nekamuri yepamusoro yaifanira kugadzirirwa uye nemurume aizonge akatakura chirongo.

⁴⁶ Zvinoka, ndakapomerwa kunzi ndiri munhu wezvemidzimu, ndakapomerwa kunzi ndiri svikiro. Zvino mumwe munhu akandiudza rimwe zuva kuti . . . akati, “Iwe uri we. . .”

⁴⁷ Pane boka revanhu here rakambova nechechi iyi inonzi “NDIRI,” kana chimwe chinhu chakadaro?

Mumwe munhu akandibvunza kana ini *NDIRI*.”

Ndikati, “Kwete, IYE ARI, uye ndiri muranda waKe.”

Akati, “Hamusi kuita musangano here kumusoro uko kwaive naana *NDIRI*?”

Ndikati, “*NDIRI* achiripo.” *NDIRI*, ndiye Ishe wedu Jesu, Mwari wedu—wedu, Baba vaKe, “*NDIRI* WANDIRI.”

⁴⁸ Zvino, hazvinzwisiswe, shamwari inodikanwa yeChikristu, nenyasha dzaMwari, ini—ini—ini handisi mumwe weivavo, ndiri—ndiri hama yenyu, ndiri hama yenyu. Uye ndinogona kunge ndisina kukwasharara, uye ndichigona kuputsira pasi, nekuvaka, nekuzunguza semumwe muparidzi mukuru, ane simba, Handimbozviti ndiri. Uye kutya kwandinoita, handina zvandinokwanisa kuita nezvazvo, ndiwo maitirwo andakaitwa naMwari, ndi—ndinongofanirwa kuva zvandiri. Ndizvo zvoga. Uye ndizvo zvaVanongoda kuti ndive, ndizvo zvandinongofanira kuva. Uye ndinoita chete sezvaVanotaura kuti ndiite. Uye, kutanga, izvozvo zvaindirwadza. . .

⁴⁹ Imwe nguva pamusangano muCleveland nguva shoma yapfuura, paiva nemumwe murume wechitema akafamba achiuyapo, ndokuti, “Ndingawana kadhi rekunamatirwa kuti ndigoudzwa nezve rombo rangu?”

⁵⁰ Oo, ini zvangu! Kwandiri, izvozvo zvaive. . . Ndi—ndinonamata kuti Mwari vasawanire mhosva hama iyi inonzwisa urombo, ainwa, asi iye—iye. . . Ndinovimba kuti Mwari havasi kuzodaro. Rangarirai, unogona kumhura Mwera Mutsvene ipapo, munoona. Maona?

⁵¹ Kunyangwe hazvo, shamwari, Satani ane chimwe chinhu chekufananidzira, kana kutevedzera chose hacho china Mwari, zvinhu zvose zvaainazvo, akatotevedzera Mwari nazvo. Asi pose pane che—chenhema, panotova nechechokwadi pane imwe nzvimbo kuti icho chigadzirwe kubva pachiri, kana kuti hachaizova chenhema. Ndizvo here? Kana ukava nedhora renhema, zvino, panofanira kuva ne—nedhora chairo pane imwe nzvimbo, kana kuti kana zvisizvo, ndiro racho repakutanga, munoona, uye harizove renhema.

⁵² Asi Jesu haana kunzwisiswawo, zvakare. Akaroverwa pamuchinjikwa. VakaMudana kuti Bherizebhabhu; uye Bherizebhabhu: muuki, kana dhimoni. Maiziva here kuti Bherizebhabhu raiva dhimoni? Muchinda wemadhimoni. Uye vakati basa raKe, kuita kwaKe—kwaKe paAikwanisa kufanotaura zvinhu nekuona zvinhu zvaitika, uye Akadzinga

madhimoni, zvaiva nesimba raBherizebhabhu, uyo aive muchinda wemadhimoni. Vaiziva kuti simba raKe raipfuurira revaporofita vose, vaiziva kuti Aive pachiyero chepamusoro kupfuura vaporofita vose, nekuti Aiziva uye ainzwisisa, uye Baba vaiva naYe, nezvimwe zvakadaro sezvaAitaura, uye Mwari vaisimbisa zvaitaurwa naJesu kuti ichokwadi. Asi nyika yekunze yevafundisi, nyika yezvinamoto ndiyo yakati, “NdiBherizebhabhu, aidzinga madhimoni nemuchinda wemadhimoni.”

⁵³ Asi makacherechedza here? Madhimoni paakasangana naYe, akati, “Tinoziva kuti ndiMi Ani, ndiMi Mwanakomana waMwari.” Ndizvozvo chaizvo. Uye akatocherechedza simba raKe.

⁵⁴ Zvino, “Kana vakadana tenzi wemba kuti Bherizebhabhu, ko kuzoti vadzidzi vaKe vachavadana zvakakura sei?” Munoono zvandinoreva?

⁵⁵ Uye ndi—ndinovimba kuti handina kupa mumwe munhu pfungwa yekuti ndiri pano kuedza kuita zvisizvo. Ndi—ndingasva ndadzokera hangu kumba uye ndorega kuedza pane kuedza kuva munyengeri.

⁵⁶ Mumwe munhu aiva muchivakwa humwe husiku, akava nemanzwiwo makuru, akasimba azvo, ekuti ini ndaiva munyengeri. Uye saka ndakazviziva, uye ndakaudza mwanakomana wangu nezvazvo. Uye nhasi kwauya tsamba kubva kune mumwe mudzimai yasimbisa nyaya yacho, mwanakomana wangu aitarisa, akati, “Honai apo, Baba. Chaizvo zvamakato...”

Ndikati, “Chokwadi. Ndanga ndichiziva kuti iri kuuya, munoono, nokuti Akandiratidza kuti iri kuuya.” Ndikati, “Aivapo humwe husiku.”

⁵⁷ Makandinzwa here ndichitaura kuti, “Handisi munyengeri,” kumurume aive akagara kumashure uko? Ndaiziva kuti aifunga kudaro, akati ndiri munhu anonyepedzera. Zvinoka, kana ndiri munhu anonyepedzera, huya uratidze kuti ndiri kukanganisa, izvozvo—ndizvozvo. Maona?

⁵⁸ Ini—ini—ini handisi chimwe chinhu kunze kwemuranda wa—waShe, sezvaunongova iwe uri Mukristu. Maona? Uye hapana chandinogona kuita ini pachangu, izvo chete zvandinoratidzwa naShe, ndizvo zvandinogona kuita, Handigoni kuita zvinopfuura zvaVanondiratidza kuti ndiite. Uye muzviratidzo izvi, Vanondiratidza zvinhu zvichaitika, vanondiratidza zvinhu zvakaitwa nevanhu.

⁵⁹ Kwemakore ekutanga, angaita 2, kana kuti, anopfuura makore 2 zvisihoma, angaita makore 3, nzira chete yandaigona kuziva nayo ndeapo pandaibata ruoko rwemunhu uye zvairatidza chionwa chisinganzwisike pa—paruoko. Uye zvichida Mwari vaiziva kuti izvozvo zvaizokonzerwa kuti pave

nezvisinganzwisisike zvishoma. Ndingataurawo here chimwe chinhu kubva mumoyo mangu kana zvakanaka? Maona? Kwakava nevanhu vazhinji kwazvo vakaenda vaine manzwiwo asinganzwisisike mumaoko avo mushure mazvo, munoziva, uye vakawana maonero asiri iwo vachifunga kuti unopodza vanhu nemamwe manzwiwo aunawo muruoko rwako. Vazhinji vaiuya kwandiri, vachiti, “Hama Branham, ndibatei munzwe kana ndine simba rekupodza.”

⁶⁰ Kwete, ndinotokuudza iye zvino, hauna. Simba roga riripo rekupodza riri muna Jesu Kristu. Ndizvozvo. Ndizvo zvoga. Ndizvo zvoga! Chinhu choga chaunogona kuita kunongedzera vanhu kune izvozvo. Uye ndizvo zvoga zvandinogona kuita, kana mumwewo munhu angagona kuita kunongedzera vanhu kuna Jesu Kristu Uyo akatovapodza kare. PaAkafa paKarivhari, Akabhadhara mubhadharo mukurusa. Akabhadhara... Maropafadzo ose erudzikinuro aAkafira paKarivhari akatobhadharwa kare pamberi paMwari, chikwereti chacho chakabhadharwa zvakazara, uye unoregererwa pamberi paMwari, unobviswa muchitoro chemukambo. Ndizvozvo. Chinhu choga chaunofanira kuita, kugamuchira kutenda muna Kristu, uye wofamba uchibva muchitoro chemukambo, ndizvo zvoga.

⁶¹ Ndiye Mudzikinuri wedu weHama. Handizvo here? Mwari vakaratidzwa munyama kuti vatore nzvimbo yedu, kuti vave Hama kwatiri. SemuBhuku raRute, naEksodho, nezvimwe zvakadaro, maparidziro arinoita, rinodzidzisa ipapo kuti tinova hama kuna Mwari, zvino Mwari vakaburuka vakagara muMwanakomana waVo, Kristu Jesu, vakava Hama yepedyo kwatiri. Uye Vakava Mudzikinuri wedu weHama. Uye huchapupu hweparuzhinji hwaifanira kuitwa pamberi peIsraeri pamasuwo, saBhoazi akabvisa shangu dzake kuratidza kuti akanga adzikinura Naomi zvizere, uye mukudzikinura Naomi, akawanawo Rute mwenga.

⁶² Zvino Jesu, paAkadzikinura Israeri, Akawana Mwenga weMarudzi. Akaita chapupu cheparuzhinji: Akasimudzwa pakati pematenga nenyika seChiratidzo, kunze chaiko kwemasuwo eJerusarema. Uye ndipo pakabhadharwa mubhadharo mukurusa, ndipo patakadzikinurwa. Uye nhaka yedu yose yakarasika, hutano hwedu, simba redu, ruponeso rvedu, zvose zvakarasika kumashure uko mukuwa zvakadzikinurwa paKarivhari. Hezvoka izvo.

⁶³ Uye hama yangu, hanzvadzi, hazvisi zvekuti unogona kunyengetera zvakanaka sei, kana kuti kuzvirwadzisa zvakadii kwaunogona kuita, kutenda kwako kwekutenda kuti Akakuitira izvozvo zvinokuunza. Ndizvozvo chaizvo. Mutadzi wese akaponeswa manheru ano pamberi paJehovha Mwari, asi hazvisi kuzokubatsira kusvika wazvigamuchira,

uye wozvitenda, nekuzvipupura, uye zvadaro ndiYe Muprisita Mukuru wekupupura kwako kuzvigadzirisa pamberi paMwari.

⁶⁴ Uye maropafadzo erudzikinuro chero api, kana wakaneta: “Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu, akaiswa mavanga nokuda kwekusarurama kwedu: kurohwa kwakatiunzira rugare kuri pamusoro paKe; nemavanga aKe takatopodzwa.” Zvakatoitwa kare, unongozvigamuchira.

⁶⁵ Zvino, mushumiri anogona kutora Shoko oritsanangura. Handina kudzidza, handizive zvakanyanya pamusoro peShoko, zano bedzi reruponeso nezvinhu zvandakazarurirwa naMwari. Hazvina kumbouya neseminari kana dzimwe dzidziso, zvakangouya bedzi nechizaruro cheMweya. Uye zvandinoziva, ndinoziva kuti Mwari vakazvipa kwandiri. Uyezve, ndisingazive zvakawanda pamusoro peShoko, Vakapa zvimwe zvinhu izvi zvingava kusimbisa kwamuri vanhu kuti ndiri kukuudzai chokwadi.

⁶⁶ Uye Mwari vanoziva pamusoro pezvose... Ndakaparidza pamberi pemamiriyoni, asi hapana kumbova nenguva yandakambotaura kuti ndine chinhu chimwe chekuita pazviri. Kutu mbiri yose igoenda kuna Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, Akakudzikinurai kareko. Uye ndinongogona kutaura nekureva sekutaura nekureva kwaAnoita. Uye ndinotenda manheru ano, dui ndanga ndiri kubuda muchivakwa manheru ano ndisiri kuzombodzokazve, ndinotenda kuti imi vanhu maitozopa huchapupu imi manga muri mumisangano, chero kupi zvako munyika kana kunze kwenyika vanoziva kuti nguva dzese apo murwere, pandakagara pasi nemurwere, zvisinei kuti ndivanaani, riinhi kana kupi...

⁶⁷ Semudzimai wandakasangana naye mupaki rimwe zuva zasi kuno, akanga achiuya achidarika nemupaki, aibva kuIllinois, uye airwara zvikuru, zvino akauya nemupaki, ndokuti, “Oo, Hama Branham,” zvino akangotanga ikoko, zvino ini ndokugara padivi pake. Zvino ipapo Mweya Mutsvene wakadzokera (Uye anogona kunge ari pano zvino, ndinofunga aripo.), ndokudzokera ukamuudza hupenyu hwake hwese, akagaramo mupaki, munoono, uye nezve...

⁶⁸ Hamuna kumbobvira makaona nguva, chero ani wenyu, asi kuti Wakataura chaizvo dambudziko remurwere, nezvinhu zvekumashure muhupenyu hwavo, zvazvaive. Ndizvo here? Uye ndizvo... Vangani vanoziva kuti ichokwadi? Zvino simudzai maoko enyu se—sekusimbisa, izvozvo. Maona? Zvino, izvozvo hazvipodze, kungori kusimbisa, kuona kuti Jesu Kristu ari pano.

⁶⁹ Zvino husiku 2 hwapfuura, shamwari, takangosungunura vanhu pakutenda kwavo ivo, nekuvaunza nepano, uye ndakangoedza kumira pano nekutora divi rekutanga racho, zvino kungoti, vanhu pavanouya, ndongorega kupinda mukutaura navo, asi kungovanyengerera ndovapfuudza

nepano, uye Mwari vakatiitira zvinhu zvinoshamisa. Uye ndinofara pamwe nekudakadzwa nazvo, nekuti ndinogona kusangana nevanhu vakawanda. Kazhinji ndakavatora mumwe nemumwe, mumwe nemumwe, zvinotora nguva yakareba kuti tisvike mune . . . kuti tiwane huwandu hwakakodzera hwevanhu. Asi zvino ndave kusvika panzvimbo yandinogona kutora 50 husiku hwega-hwega. Uye ndinotenda kuti vhiki risati rasvika, vhiki rinouya, ndichange ndoita 100 kana kupfuura manheru ega-ega. Ndinotenda kuti Mwari vanokwanisa . . .

⁷⁰ Uye ndinoda kuti mumwe nemumwe wenyu, paunopfura nepano, zvisinei nechinhano chako, ndinoda kuti ugamuchire Jesu seMupodzi wako pachako, uye ugobuda muno uchitenda, uchipupura, uchitaura kupodzwa kwako usati watombokunzwa kana chimwe chinhu.

⁷¹ Zvino, mudzimai wechikuru husiku hwapfuura aive bofu, vakaunza chinhu chiduku chinonzwisa urombo ichi papuratifomu, apo . . . Honguka, chizoro chacho chairova zvine simba zvikuru, aitova wekutanga chaiye mumutsara. Zvino ndakati, “Mugarisei pasi,” ndakafunga kuti ndaigona kusvika kwaari munguva pfupi. Ndakaona kuti aiva bofu, achidhumira pazvinhu, zvino—zvino vakaedza kumugadzika pasi. Akauya, ndikaisa maoko angu paari ndikamuropafadza. Uye paakatanga kupfuura, Mweya pawakangomutendeudza, Wakandidhonza, ndakaziva kuti zvatopera zvino, hoyoka, ndokugamuchira kuona kwake. Mumwe munhu andiudza kuti agere kumashure uko ari kuverenga nezvinhu zvakadaro kubva ipapo. Kuti iko Mwari vakamuropafadza zvikuru chaizvo! Uye tinotenda zvikuru chaizvo!

⁷² Uye vamwe vanga vari matsi, nevamwe vanga vari mbeveve, nemhando dzose dzakasiyana-siyana dzezvirwere zvakapodzwa mumusangano. Zvino, tiri kutarisira zvinhu zvikuru. Zvangoitika kuti ndatarisa pane mumwe musikana mudiki agere pano ari kurwara ari muchigaro. Zvino, Mwari ngavave netsitsi kune vose.

⁷³ Zvino, ndinoda kuverenga rimwe Rugwaro nekukurumidza chaiko zvino, kuti tigone kutanga mutsara wedu wekunamatira vanhu. Magadzirira kunamatirwa here? Matenda nemooyo wenyu wese here? Oo, dai Mwari vakuropafadzai.

⁷⁴ Muyeni ari pakati pedu, unogona kunge usati wakamboona kunzverwa kwezvirwere kwe—kwepamweya. Handizive zvichaitwa neMweya Mutsvene. Zvichida Achabata mumwe munhu mumutsara, kana mumwe munhu ondibvunza kuti dambudziko nderei, kana chimwe chinhu chakadaro muhupenyu hwavo; panogona kunge paine mumwe munhu mutadzi anopfura nepapuratifomu, Anogona kundidana ipapo chaipo ozvimisa. Kazhinji, mushure mekunge vapinda mumusangano uye voona zvakawanda kwazvo zvezvinhu zvichitaurwa,

vanowanzotendeuka vasati vasvika papuratifomu, uye vogadzirira, nokuti zvinhu zvakawanda zvinotyisa zvakataurwa kuvanhu, nezvimwe zvakadaro, papuratifomu. Uye muri zvapupu zvezvinhu izvozvo.

⁷⁵ Zvino, ndinoda kutoverenga rimwe Gwaro iye zvino, kuitira kuti. . . Mashoko angu anokundika, ndiri munhu, asi Mashoko *aya* haakundi; *iRi* iShoko raMwari, haRikundi.

⁷⁶ Zvino, vangani vari muno vane kutenda muna Jesu? Ngationei maoko enyu. Oo, zvinoshamisa! Zvakanaka. Vangani vanotenda kuti ndiYe mumwe chete nhasi sezvaAiva nezuro nemazuva ose? Oo, zvakanaka. Ndinoda. . . Zvino, ikoko ndiko kutenda kwenyu. Uye ndinoda kukuratidzai chimwezve chandinoda kuti muve nacho manheru ano. Vhesi 14 yechitsauko 2 chaMutsvene Jakobho, uye ndichaverenga kusanganisira ose epakati kunyange 26. Nyatsoteerera! kuchiverengwa chacho zvino:

Zvinobatsirei, hama dzangu, kunyange munhu akati ane kutenda, asi asina mabasa? ko kutenda kungamuponesa here?

Hakugoni kudaro. Kana uchitenda kuti Mwari vachakuponesa, unofanira kuzvitenda uye wobva wazvipupura kuti Vakazviita, zvisati zvasvika. . . zvino zvinoshanda kururama, munoono.

Kana kuine hama kana hanzvadzi isina zvokupfeka, uye—uye anoshayiwa zvokudya zuva rimwe nerimwe,

Uye mumwe wenyu akati kwavari, Endai henyu norugare, mudziyirwe uye mugute; kunze kwekutenge mavapa. . . zvinhu izvo zvinodikanwa nomuviri; zvinogobatsirei?

Saizvozvowo kutenda, kana kusina mabasa, kwakafa, kuri kwoga.

Hongu, munhu angati, Iwe une kutenda, uye ini ndine mabasa: ndiratidze kutenda kwako kusina mabasa, neni ndigokuratidza kutenda kwangu namabasa angu.

Iwe unotenda. . . kuti kuna Mwari mumwe chete; unotenda zvakanaka: madhimoni anotendawo izvozvo, uye anodedera.

Asi ungada kuziva here, O iwe munhu woupenzi, kuti kutenda kusina mabasa kwakafa?

Chii. . . Ko Abrahama baba vedu havana kururamiswa namabasa here, paakabayira mwanakomana wake Isaka paartari?

Unoona here kuti kutenda kwakabata pamwe na. . . mabasa, uye namabasa kutenda kwakakwaniswa?

Uye *rugwaro* rwakazadziswa *rwunoti*, *Abrahama* akatenda *Mwari*, uye *kukanzi kwaari ndiko kururama*: uye akanzi *Shamwari yaMwari*.

Munoona zvino *kuti munhu anoruramiswa namabasa*, uye kwete *nokutenda bedzi*.

Saizvozvowo Rakabhi chipfeve haana kururamiswa here namabasa, paakachingamidza nhume, nokuvaendesa neimwe nzira?

Zvino vhesi rokupedzisira, nyatsoteererai:

Nokuti somuviri usina mweya wakafa, saizvozvo kutenda kusina mabasa kwakafawo zvakare.

⁷⁷ Zvino, imi mose mune kutenda, uye muchitya kukushandisa, hakuna zvakunobatsira. Wadii, wadii wangoisa parutivi zvese zvisiri kutenda? Tenda ugoshanda pane zvaunotenda, kwete zvau—zvaunonzwira, kana zvinopupurirwa nepfungwa dzako, asi zvinopupurirwa nekutenda kwako. Ndizvo here? Une kutenda muna Mwari, zvino woita semunhu ane kutenda muna Mwari.

⁷⁸ Zvino, kana Abrahama akati, “Ndine kutenda muna Mwari,” asi achitya kupirisa mwanakomana wake Isaka, zvino kutenda kwake kwaive kusina zvakunobatsira. Pauro akaruramisa Abrahama nekutenda, Pauro aitura pamusoro pezvakaonekwa naMwari muna Abrahama; asi Jakobho akamururamisa nemabasa, Jakobho aitura pamusoro pezvakaonekwa nevanhu muna Abrahama. Maona? Mwari vanoona kutenda kwako, vanhu vanoona mabasa ako. Uye kana ukati une kutenda uye uchitya kubuda kunoita mabasa kubva makuri, ipapo hakubatsire, hakumbofa kwakakubatsira. Unofanira kuzvitenda, unofanira kuzvigamuchira, uye unofanira kuita saizvozvo, hamudaro here?

⁷⁹ Zvino, munofunga kuti zvaive nyore kwandiri kuti ndigouya Mutumwa uya paakauya kwandiri, uye pasina kana chinhu chakadaro, sokuziva kwangu, kubva pamazuva evaapostora, chakamboitika, kuti ndimire pamberi pezviuru, uye dzimwe nguva zhinji vanhu vakawanda sezviuru 25 ne 30 mumusangano mumwe chete, uye woti...uye wogodenha zvemhando yakadaro ipo paine *Look, Life, Time, Collier's*, vatsoropodzi, vanachiremba, nezvose vachiedza kuwana chipomerwa chimwe chete pazviri? Munofunga kuti zvaive nyore here? Asi hama nehanzvadzi, ndinotenda Mwari, zvaVakangondiudza izvozvo, uye zvaizova saizvozvo.

⁸⁰ Zvino pandakamirapo ndikati madzimambo nemadzishe enyika vachange vachindidana kuti ndivanamatire, zvaiva here...Ndakazvitenda nokuti Akandiudza kudaro. Uye mambo mukurusa pasi rose akanditumira gwaro neteregiramu kuti ndiende kunomunamatira, anova King George weku England, nevamwe vakasiyana vakadaro, nevarume vakuru munyika yose.

⁸¹ Pano, paiva nemumwe murume mukuru pano chaipo, akagara pano aiva nemadondoro kwenguva yakareba, congressman weUnited States Congress, vakagara pano VaUpshaw vakagara pano, vanga vakaremara kwemakore mazhinji-zhinji, kwazvo, 66, vakakuvara. Zvino havoka manheru ano vasina madondoro avo, vasina chigaro chavo, vasina kana chinhu, vachingofamba semazuva ose. Mweya Mutsvene ndewechokwadi. Mwari vano...Ndivo avo vakasimudza maoko avo mudenga, kana paine vamwe venyu vasati vambovaona, ndivo vari pano avo. Vangani vakamboona...vasati vamboona Congressman Upshaw, congressman? Ngatikuonei muchisimudza maoko enyu. Zvino, vaiva chirema kwemakore 66, vakadonha. Zvino ndakamira pano papuratifomu, pandakafamba ndichiuya... Mwari veKusingaperi, Vanova Mutongi wangu, vanoziva kuti ndaive ndisati ndamboona kana kunzwa nezvemurume uyu muhupenyu hwangu, ndisingatomuzive. Handina kudzidza, dai ndaiva nedzidzo, ndingadai ndaiziva murume uyu, dai ndaiva mumaraibhurari uye ndakaverenga mabhuku, uye... Vakakwikwidza pakuva purezidhendi, ndinofunga, muna 1926. Uye ivo...Uye murume mukuru wekuGeorgia, asi handina kumbobvira ndakavaziva.

⁸² Zvino humwe husiku, ndakafamba ndikapinda papuratifomu pano, VaBaxter vainge vachangobva papuratifomu, ndakatarisa, yakaremba kunze kuno chaiko, ndakaona White House, ndikaona zvese pamusoro payo, ndokutanga kutaura, zvino handina kukwanisa kuziva, zvino ndakaudza VaBaxter. Munguva shoma, Wakaburuka ndikaona paive pakagara murume uyu, ndakaona kuti aiva iye, ndikamuona achikuvara paaingova mukomana muduku hake. Uye akange ari chirema kweose iwayo...Zvino ndakatanga kubvapo, uye Mweya waMwari ukatanga kuburuka, zvino mumwe mudzimai akanga asimuka kubva muwiricheya, nezvimwe zvinhu zvakanga zvaitika Mweya Mutsvene pawaizarura kwavari, zvino pandakatanga, VaKopp pano, ivo, Hama Kop, mufundisi wacho vakamhanyira kumusoro ikoko, ndikabva ndati, "Endai munoudza congressman kuti Mwari vavapodza. Ndavaona, vachienda vachifamba."

⁸³ Heunoi...Mungasimukawo here, congressman, kungoitira kuti vanhu vakuonei? Hevano iya, congressman weUnited States of America vakange vakaremara kwemakore 66. Ngatitii, "Ishe ngaVarumbidzwe." Mwari vakuropafadzei, hama yangu.

⁸⁴ "Uye hapana chakaipa chavaigona kutaura nezvazvo, nekuti murume wacho akamira navo aimbove akarara pasuwo kwemakore 40," zvino murume uyu akanga akaremara kwemakore 66. Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi...

⁸⁵ Ko VaUpshaw...? Handina kumbovaona muhupenyu

hwangu, handina chandaiziva nezvavo, ndakaziva sei kuti vaive congressman uye kuti vaive ani? Asi Mweya Mutsvene akazvizarura pano papuratifomu. Maona? Akazvizarura. Zvavo... Anoita kuti zvakavanzika zvaKe zvizivikanwe... Zvino, hazvinei nechekuita neni. Maona? Ini, zvakangoitika kuti ndakaberekerwa chinangwa ichocho. Maona? Sezvakangoita chidziva nemvura yeBhetesdha, hayaigona kuti, “Honai kuti ndiri mvura ine simba zvakadini.” Nekuti Mutumwa paaive abva pamvura yacho, yaizongovawo mvura zvayo. Ndizvo here? Ndizvozvo chaizvo.

⁸⁶ Zvino, ndinongovawo hama yenyu, nenyasha dzaMwari, asi kana Mutumwa waJehovha achinge aburuka, rinobva rava zvino Izwi raMwari kwamuri. Zvichida, kana ndakugumburai nekutaura kudaro, ndiregerereiwo, asi, ndanzwa kuti zvinogona kunge zvisina kugamuchirika, asi ndiri Izwi raMwari kwamuri. Maona? Ndazviturea zvakare, nguva iyoyo zvanga zviri pasi pekufemera, munoono, uye nda—ndanzwa zvisina kunaka nezvazvo pekutanga, asi Azvidzokorora. Zvino munoono, hapana chandinogona kutaura ini pachangu, kunze kwezvaAnondiratidza, ndinozviturea. Zvitendei, uye mugoona zvinoitika. Munoono, akazviita.

⁸⁷ Mushure mekugara mumisangano mikuru... Zvino tarisai pano, VaUpshaw pano vanogara pasi pekuparidza kwaVaFreeman. Zvino VaFreeman, oo, ini zvangu, zvichida murume ane simba muMagwaro. Handizive Hama Freeman, kunze bedzi kwekungoona mufananidzo wavo. Asi pasina kupokana, munhu waMwari anoshamisa. Zvino Oral Roberts, ini zvangu, ari... Ndinoziva Oral, uye Oral munhu waMwari anoshamisa, muparidzi mukuru. Uye Hama Ogilvie, ndakasangana navo kaviri, murume anoshamisa. Uye naHama Upshaw vagere apo, nevarume ivavo vachivanamatira. Asi chii chakaitika? Zvakangoitika kuti ndiwo waiva mwaka wacho chaiwo. Uyezve pawakauya, ndokuona kufamba kwe—kwechemweya... Maona? Hazvishamise here? Mwari vanotumira Shoko raVo, vobva Vatumira chimwe chinhu kuzozvisimbisa kuti chizvitsigire, munoono. Saka, tinazvo zvose, uye tinofanira kutenda nokuda kwazvo, hamufunge kudaro here?

⁸⁸ Zvino, vakati muchapupu chavo, vakati vakatenda kuti ndaive... Shoko raShe raitaura kubudikidza nemandiri. Saka, madondoro avo nezvimwe zvakadaro zvakadonha, ndokubva vaenda, vaita zvakanaka uye vapura. Maona?

⁸⁹ Ndingadai ndisina kuudza murume uyu izvozvo dai, kutanga, ndisina kuziva kuti Mwari vakanga vandiudza kudaro. Maona? Ndizvozvo. Uye ndichaedza kuva ndakatendeseka kumunhu wese sekuziva kwandinoita kuve ndakadaro. Uye ini... Kana paine... Jesu akati, “Chose chamunosunga panyika chichasungwawo Kudenga: chero chipi chamunosunungura

panyika chichasunungurwawo Kudenga.” Zvino, tinogona kuita izvozvo sekubvumira kunoita Baba. Zvino, dai Ishe Jesu vakuropafadza.

⁹⁰ Uye zvino, kune vamwe venyu vaenzi vari pano, kana Mweya waShe, uri pano, kana Vakasatura chimwe chinhu pamusoro peungano, handiti, kana—kana, manheru ano kana ani zvake ari mumutsara, zva—zvatosimbiswa, kare, nevanhu ava kuti ichokwadi, nokuti manheru ano...zuva nezuva... Nhasi handina...Ndangoedza kugara ndichifara, ne—nekunyengetera, munoziva, ne—nekufamba-famba, ndichifara. Pandinoenda pasi pechizoro, ndinorasikirwa...Ndiri kudzikira neanenge mapauendi 2 pazuva kana—kana—kana uri pasi pechizoro ichocho. Ndarasikirwa, ndinotenda, nemapaunzi 6 ndinofunga aive, kana chimwe chinhu, kubva zvandanga ndiri mumusangano uno. Saka, nhasi ndangoedza kuzvazorodza, nekungobuda. Chimwe chinhu chinodaro kwandiri, chinobvisa chikamu chemunhu, uye naizvozvo tinoziva kuti haungagona kurarama kwenguva yakareba saizvozvo. Uye zvino namatai, uye ndichanamata, uye zvakare kana taisa vanhu mumutsara wekunamatiwa, Mwari, ndine chokwadi, vachanzwa munamato uye vopindura.

Ngatikotamisei misoro yedu.

⁹¹ Baba veKudenga vanodikanwa, ndinotenda zvikuru manheru ano kuva nemukana uyu wekuverengwa pakati peboka rino reMakristu, boka iri revanhu vaMwari vakaponeswa, vanakomana nevanasikana vaMwari vari munzira yavo manheru ano kuenda kunzvimbo huru, yemufaro iri mhiri kwenyeredzi, kudarika hurwere hwese, dambudziko. Ndinotenda zvikuru, Ishe, kuti, nenyasha dzaKristu, kuti Makandidana kuti ndive hama yavo. Ndinotenda zvikuru chaizvo!

⁹² Uye zvino, Baba vanodikanwa, ndinotenda zvikuru kuti Makapupura zvakanyanya kuvanhu kubva pakutanga, nezvinhu zvaMakabvumira muranda weNyu anonzwisa urombo, asina kudzidza kuti agotaura, izvozvo, zvichiratidza kuti maive iMi muchitaura, uye kwete munhu anonzwisa urombo, asina kudzidza, kuti Makaita kuti zviitike kuti varume vakuru nemadzimambo emunyika...Uye ndinotenda kuti vamwezve vachiri kuuya.

⁹³ Uye zvino, Baba, mukana wangu mukuru kuva muno muCalifornia manheru ano uko shumiro huru dziri kuitika kwese-kwese. Muranda wenyu, Hama Freeman, vari zasi pakona uko, Munoziva kuti vari papi nekuti Munavo. Uye ndinonyengetera kuti Mupodze vazhinji vari zasi ikoko manheru ano. Itaiwo, Ishe, kuti vazhinji vevanhu ivavo vanonzwisa urombo, vazhinji veshamwari dzedu dzechitema varimo imomo. Mwari, ndinonamata kuti Muvaropafadze nekuvapodza manheru ano, dai hukava husiku hukuru. Uye

tinonzwa uko patemberi, iyo...[Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]. . . uko muranda weNyu, Mai McPherson. . . [Chibenga chisina chinhu patepi]. . . batai mumwe nemumwe manheru ano weavo vanorwara vanonzwisa urombo vauya kuzodzikinurwa. . . [Chibenga chisina chinhu patepi.] Zviitei, Ishe.

⁹⁴ Uye pasi rose, rangarirai vana veNyu vose manheru ano, vapedzeiwo, Baba. Ropafadzai mushumiri wese nemumwe nemumwe wevarandakadzi veNyu, neavo vari kuedza kushingaira kuti—kuti vaKuitirei chimwe chinhu mumunda uyu mukuru wekukohwa. Varopafadzei vose.

⁹⁵ Uye zvakare, Baba, tirangarireiwo manheru ano pano muboka duku rino manheru ano, tinonamata kuti vazhinji vagopodzwa, vazhinji vagoponeswa, vazhinji vagogutsikana neHupo hweNyu, Ishe. Uye dai isu tose, nemuranda weNyu pamwe chete, nevashumiri vose, nesu tose pano, tibude pamusuwo wemba ino manheru ano tiri Mukristu ari nani kupfuura zvatanga tiri patapinda, nekutenda kwakawedzerwa maMuri, nerudo rwakawedzerwa kwaMuri, Baba. Zviiteiwo, maropafadzo ane mutsa aya.

⁹⁶ Uye kana kuri kuda kweNyu Kutsvene manheru ano, Ishe, kuti kana paine vamwe vanouya papuratifomu vakaremara, uye kuri kuda kweNyu, kwandinotenda kuti ndiko, kuvapa kupodzwa pakarepo muchimiro chechishamiso, chiriporipotyo, kuti vanhu vari muungano vagone kuona uye vagotenda nekutenda kukuru, ndinonamata kuti zvive saizvozvo, Ishe. Asi zvisinei hazvo, kana zvisina kudaro, patinoKukumbirai, tinotenda kuti tinogamuchira zvatinokumbira. Uye Baba, ndinonamata kuti Muvape kutenda kukuru, kuti vasagumbutswa, asi vagobva pano vachifara, vachipembera, vachizvitarisira chero nguva, vachiedza miniti yega-yega yehupenyu hwavo kuti vafambe zviri nani, kana ku—kuona, kana chero zvingava dambudziko ravo.

⁹⁷ Uye kana kuri kuda kweNyu Kutsvene kuzarura zvakavanzika zvemoyo zvechero mumwe wavo zvakavakonzera kuti vave muchinhano ichi, taurai nemuranda weNyu akaninipa, Ishe. Tarirai, ndimire, ndichivimba kuti Ropa raKristu richandichenesa kubva kuzvivi zvangu zvose, kuti ndigove nzira yaMunogona kutaura kubudikidza nayo husiku huno kuvanhu veNyu. Inzwaiwo munamoto wangu, Baba, pandiri kuzvikumbira nekuperera kwese kwemoyo wangu, muZita reMwanakomana weNyu, Jesu. Amen.

⁹⁸ Zvino, shamwari dzinodikanwa dheChikristu, ndinoda kuti imi mose muve mumunamoto pamwe neni. Imi mose, vazhinji venyu zvichida hamusi kuzova mumutsara wekunamatirwa, uye, vanoda kuva mumutsara wekunamatirwa; ndi—ndinoshuva kuti dai nda—ndaikwanisa. Apo kutenda kucharamba

kuchiwedzera, ndinotenda kuti tichaedza 100, zvichida, mangwana manheru, kana Ishe vachitendera. Uye zvakare kana tikakwanisa kuenderera mberi ne 100, kana pasina kunzvera kwakanyanyisa, zvino ndinogona kubudirira pane vese, munooni. Asi ini...Mu—mune izvozvo, kana zvasvika, panongova nezvinhu zvakawanda...

⁹⁹ Zvino, paanotanga kuridza mumhanzi iwoyo ipapo, ndinogona kutanga kuUnzwa uchidzika. Hoyoka uYo. Maona?

¹⁰⁰ Honaka, shamwari yeChikristu, handizive kuti iri kupi... mumwe wemifananidzo iyoyo. Asi makauona, imi mose, handiti? Vazhinji venyu mose makaona mufananidzo waCho, uri kumashure uko pakaunda. Zvakaratidzwa nenyika yesainzi kuti Aive Mutumwa waMwari nevaongorori vepamusoro-soro avo America inavo, FBI.

¹⁰¹ Zvino, Ari pano zvino papuratifomu. Ichokwadi, shamwari inodikanwa, handizive kuti ndingakuita sei kuti uzvitende, asi i—ichokwadi. Uye kana mukasazotarisa kumunhu wacho, hama yenyu, asi kana mukatarisa kune zvandiri kutaura nezvazvo, Ishe Jesu, neNgirozi yaVo yekupodza papuratifomu...

¹⁰² Munotenda here kuti Mwari vane Ngirozi dzekupodza dzakatumba? Chaiva chii panyoka yendarira zvino? Chaiva chii pamvura yedziva reBhetesdha kana yaiva isiri Ngirozi yakabva Kudenga ichidzika. Maona? Maona? Handisi ini chipo chaMwari, Ngirozi ndiyo chipo chaMwari; Yakabva Kudenga, ini ndakabva panyika. Uye Akabva Kudenga kuti azofukidzira, kana kuti azopfeka mudziyo wepanyika kuti ataure nevanhu vepanyika, munooni, kuti—kuti ivo... maizotenda kwaAri, kwete kwandiri, pana iYe zvandiri kutaura nezvazvo, uye nekuita izvozvo, Mwari vanokupodza.

¹⁰³ Ngatidanei mutsara wedu wokunamatira zvino. (Manhamba api—api—api, kana kuti, mavara nemanhamba awapa, mwanangu? 51 kusvika 100. Uye vara racho ndiani? U. Tichiri pama U.) Horaiti. 51 kusvika 100. Zvino ngationei, vangani...? Ngationei, kadhi rekunamatirwa 51, riripo here? Mumwe munhu simudza, ingosimudza ruoko rwako ane kadhi rekunamatirwa, 51. Apo chaipo, kadhi rekunamatirwa, 51? 52 iri pano here? Horaiti. 53 iri pano here? Zvino, ndiyo—ndiyo nzira yamunouya nayo. Zvino, ndiyo nzira yekungo—yekuvaunza kuno. Zvino, ndaigona...

¹⁰⁴ Kana muchida, tinogona kuunza vanhu ivavo kumusoro kuno, uye Mwari vaizongotaura chaizvo kuti chii chisina kumira zvakanaka navo, kana kuti ndaigona kudana mumwe kubva muungano, kana mumwe munhu asina kadhi rekunamatirwa, chizoro chiri pano, chizoro cheMweya Mutsvene chiri pano zvino kuzopodza.

Zvino, vangani...? Zvino, dana...Ngationei, vangani vanofanira...? Handiti, tinogona kudaيدا boka rose pamwe chete.

¹⁰⁵ Mose ivai nokutenda. Zvino rangarirai, imi muri kuuya, munosvika pano chaipo, uye pamunopfuura nepano, imi tendai kuti muchapodzwa. Uye vamwe vose, garai henyu pasi kwechinguvana. Uye mudzimai ari munho—nhowo, mune kadhi rekunamatirwa, zvakare here, hanzvadzi, munaro here? Huh?

¹⁰⁶ Mirai zvishoma, mwanakomana wangu achangobva kundiudza...Zvino, avo vane nhowo nemawiricheya nezvinhu vari kuzodanwa mumutsara wekunamatirwa, kana mukaita mutsara zasi pano chaipo pandicha...tikadana nhamba yenyu, ndichaburuka ndozokunamatirai, havatozombokuunzai papuratifomu kana musingade kuuya, kana kuti vachida havo kukusimudzai...

Ndiri kuona mudzimai mudiki pano ane icho—icho... Zvinoita sekunge akagara muchigaro.

¹⁰⁷ Zvino 53, 54, 55, 56, 57, 58, 59, 60. Mirai mumutsara pano chaipo, ne—nemamiriro emanhamba enyu sezvamungori chaizvo. Zvakanaka. Horaiti, 60. Ndizvo kuda...?

¹⁰⁸ Zvakanaka, mirai zvishoma, ndinotenda kuti pane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka pane imwe nzvimbo. Oo, mumwe munhu kuti atore...Kasikana ako, kari here...? Mirai zvishoma. Pari kuda kuti mumwe munhu akatakure kuenda nako uko here? Ingokaregai kagare ipapo. Une kadhi rekunamatirwa here, mudikani? Une kodzero yekunamatirwa. Mirai zvishoma, musiyei akagara ipapo pachigaro ichocho.

¹⁰⁹ Unofungei pamusoro peizvi, mudikani? Unotenda here kuti ichi ichokwadi? Unofungei nemanzwiro iwayo asinganzwisisike ari kuuya pauri zvino kuti chii? Ndiwo Mweya Mutsvene, handizvo here? Unozvitenda izvozvo, unodaro here, mudikani? Unotenda here kuti zvataurwa naHama Branham ichokwadi, kuti Ngirozi yaMwari yakandituma kuti ndizive zvinhu izvi? Unozvitenda here? Ndiri kuona kuti waka—wakaremara kana chimwe chinhu, ndinotenda kuti une rimwe gumbo rakadimburwa. Ndizvo here? Ndizvo here? Hongu, ndizvo... Handikuzive, ndinokuziva here, mudikani?

¹¹⁰ Pane hama yafamba ichipinda umo, uye munoona, zvakananganisa, zvaita sekudaro, chiratidzo chacho. Zvino chimbomirai kwechinguvana, zvino munhu wese ngaave anoremekedza zvakare kwechinguvana bedzi.

¹¹¹ Zvino tarisa kuno zvakare, mudikani, ndiri kungoda kubata. Munoona, kune vanhu vazhinji kunze uko vari kuedza kutenda, uye ndizvo...Zvino, hongu, uh-huh. Une...une... Ikenza yakazviita izvozvo, handitika, mudikani? Wakatora... uye ukadimburwa gumbo rako. Ichirimo mumuviri wako, ichiri

kungofamba nemo. Handizvo here? Ndiri kuzokunamatira iye zvino, mudikani.

¹¹² Baba vedu veKudenga, musikana mudiki uyo anonzwise urombo akagara apo, ndinotenda kuti Muri kuzomurega achirarama, Mwari Vanodikanwa. Ivaiwo netsitsi pamwana, chinhu chidiki, chakaisvonaka. Mupeiwo kupodzwa kwake iye zvino. Ndinonamatira ropafadzo iri, muZita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari. Amen.

¹¹³ Mwari vakuropafadze, mudikani. Unotenda here kuti uchaita zvakanaka zvino? Unotenda here? Unozvigamuchira here zvino? Mwari vakuropafadze, zvakanaka. Uri. Ndizvozvo, Vasangana newe.

[Hama Billy Paul vanoti, “Baba?”—Mupepeti]

(Um-hum?)

[“Vanhu vose avo kunze uko, uye panongova nevanenge 20 chete vauya. Vose zvavo, U, 51 kusvika 100, mumwe nemumwe wavo.”]

(Wati kudii?)

[“Ndiri kuda U, 51 kusvika 100, uye panongova nevanenge 20 ipapo.”]

(Oo. Oo, horaiti.)

¹¹⁴ 51 kusvika 100, itai mutsara, kubva pa 51 kusvika 100, itai mutsara nenzira iyo. Munhu wese ngaave nekuremekedza sezvamungagona, tenda nemoyo wako wese.

¹¹⁵ Changa chiri chii, changamire? [Imwe hama inotaura nezvekadhi remusikana muduku—Mupepeti] Oo, hongu. Izvozvo hazvipodze, zvinongo... Asi ndinotenda nemoyo wangu wose... handina kukwanisa kuona, vanhu vanga vachifamba-famba. Ndichaswedera pedyo nemusikana uyu ndisati... Ndinotenda kuti ndi... Chii...? Kana vapodzwa, ndinoona Chiedza chichena. Chiedza chimwe chete ichocho chinotenderera uye chichingoropafadza, Chakaita seropafadzo, ndinoChiona. Uye ndinotenda kuti musikana mudiki uyu ari kuzoitika zvakanaka. Ndinotenda kuti ari raiti, hanzvadzi. Maona? Ndinotenda kuti hauna chekunetseka nezvacho, mudikani, uri kuzopora.

¹¹⁶ Zvakanaka. Zvino, munhu wese... Zvino, vari kuita sekunge, pamwe zvishoma... Zvino, maasha achaona kuti vanouya vachiita sekutevedzera manhamba avo, nekuti handizive kuti zvinhu izvi zvichavei. Ndinotongofanira ku—ku... sekufambira mberi kwaShe.

¹¹⁷ Zvino, munhu wese ngaave nekuremekedza zvino. Zvino, vangani kumashure uko vari mumutsara wekunamatirwa, zvino, vachatenda nemoyo wako wese kuti—kuti uri—kuti uri kuzopodzwa? Zvitende nemoyo wako wese, kuti uri

kuzopora. Unozvikumikidza here zvino kuna Ishe Jesu, uye woti, “NdinoKugamuchirai zvino, Baba vangu veKudenga, seMupodzi wangu. Uye nenyasha dzeNyu manheru ano, zvisinei nekuti chii chinoitika, pandiri kuuya nemutsara uyo wekunamatirwa, ndinogamuchira maropafadzo eNyu. Uye ndinotenda kuti kana maoko aiswa pandiri kuti ndichapora. Handisi kuzombova nekupupura kwakaipa zvakare, ndiri kuzotenda Ishe”? Ungasimudza ruoko rwako here, woti, “Ndinozvitenda izvozvo, uye zvino ndava kupupura izvozvo”? Mwari vakuropafadzei.

¹¹⁸ Zvino, mumwe munhu akati kwandiri imwe nguva, kwete kwandiri, asi kune imwe hama, mumwe—mumwe mushumiri akamupikisa, akati, “Oo, zvinonyadzisa! Anoudza vanhu kuti vatende pasati patombova kana nechaitika.”

¹¹⁹ Unopodzwa sei kunze kwekunge zviri kubudikidza nekutenda? Abrahama akatenda Mwari kuti Vakanga vari kuzomuita kuti ave nemwana kubudikidza naSara, uye hazvina kumboitika kwemakore 25, zvino akaramba achiwedzera kusimba nguva dzose achitenda kuti zvaizoitika. Zvino tiri vana vaAbrahama. Ndizvo here?

¹²⁰ Zvakanaka. Zvino munhu wese ingovai nekuremekedza sezvamungagona. Zvino, zvichida Mweya Mutsvene... Mirai zvishoma. Zvino, pamwe Uchapa kunzvera ku—kushoma bedzi kusvika ndave pasi pechizoro chakadzama, kwechinguvana, uye—uye zvino... kuti vanhu vachiuya zvavo. Uye ndinotenda kana vakapfuura uye vongotenda, sekupinda mudziva remvura, Mutumwa waJehovha ari pano papuratifomu, uye Achazviita.

Zvino ngatinamatei.

¹²¹ Baba, Munoziva zvinhu zvose, hapana chandinoziva. Asi ti—tinonamata kuti Mugouya zvino mukushanya kukuru uye mupafadze vanhu veNyu, nekutaura navo, Ishe, iko zvino chaiye, uye muvapodze. Uye dai Mukaratidza kuti Muri pano, uye muri...muri pamwe nemuranda weNyu. Zviiteiwo, Ishe. Uye dai mumwe nemumwe apodzwa. MuZita raJesu Kristu. Amen. Amen.

Zvakanaka, ivai mumunamato zvino. Uye kana mukadaro...

¹²² Zvino, hunzai, murwere wenyu. Zvino chimbomirai zvishoma. Zvino, handizivi chaizvo kuti chii. Makadini, amai? Ndanga ndiri kuita sekuisa ichi mudenga kuitira kuti varwere vari kuuya, munoziva, handiti, vazo—vazokwanisa ku—kunzwa, ndinoreva vanhu vari kunze uko vazonzwa varwere, munona, ndizvo zvandinoreva. Uye imi madaro, mauya kuzonamatirwa. Uye muri, zvichida, munoda kuziva chimwe chinhu chidiki pamusoro penyu, nokuti ndi—ndi—ndiri kuzvinzwa ipapo, ndechimwe chinhu chamuri kushuvira kuziva, zvinhanho zvenyu—zvenyu.

¹²³ Munohuta-huta, handizvo here? Kuhuta-huta kwakanyanyisa. Hamuna kudzikira huremu zvakanyanya here, zvakare? Ndiri kuona mumwe mudzimai akamira pamberi pangu akasimba kupfuura imi. Zvakare, nhai, hamusi mushumiri here, kana chimwe chinhu chakadaro weShoko? Hamudzidzise here, kana chimwe chinhu zvakada kudaro? Hongu, ndizvo zvandafunga kuti muri. Uh-huh. Munotenda here zvino? Magara makamanikana nguva dzese. Zvazviri ndezvekuti, makazvipinza mukumanikidzika; manga muri mukunetseka kukuru chaizvo, zvisinei. Makatanga kunetseka nguva pfupi yapfuura, uye zvakaita sekunge pane chimwe chinhu chakaitika kwamuri chakavasika kwachiri, makangomanikana. Zvino, hachisi chimwe chinhu kunze kwadhiyabhore ari kuedza kukudzivisai, zvino, ndiSatani ari kuedza kukutukai nekukukandirai izvozvo pamberi penyu. Uye se... Hamufanirwe kuzvigamuchira, munofanira kuzvikandira pasi uye—uye motenda zvino. Ichokwadi here ichocho? Zvino, huyai pano kwechinguvana bedzi.

¹²⁴ O Baba, ndinoKutendai nokuda kwetsitsi dzeNyu nemutsa, uye ndinoKukumbirai kuti mupodze hanzvadzi yedu inodikanwa iko zvino.

¹²⁵ Iwe dhimoni, siya mudzimai uyu, buda kubva maari, muZita raJesu Kristu, musiye!

¹²⁶ Zvino tarisai pano, hanzvadzi, munozvigamuchira here zvino? Zvakanaka. Endai henyu muchipembera nekufara, uye mupinde mubasa raShe.

¹²⁷ Ngatitii, “Ishe ngavarumbidzwe,” zvino. Mudzimai—mudzimai uyu ari kuzopora, ari kuzoita zvakanaka.

¹²⁸ Zvino chimbomirai zvishoma. Zvino, pamire pano parutivi rwangu pakamira mumwewo munhu. Zvino munhu wese chingo...

¹²⁹ Huyai pano, changamire. [Hama inoti, “Changamire, chii chiri kundinetsa?”—Mupepeti] Changamire? [“Changamire, chii chiri kundinetsa?”] Saka zvino, kana mukangotarisa neche kuno uye monditenda semuranda waMwari... Zvino, tiri—tiri vanhu vasingazivane murwendo rwehupenyu huno, ini—ini handikuzivei, hama yangu, kunze kwekungoti makamira ipapo. Uye ndaona kuti pamafamba muchiuya, pane mweya unogamuchira. Uye muri kutambudzikawo, zvakare. Ndizvozvo. Uye mu—mune dambudziko remudumbu, handizvo here? Hongu, changamire, ndizvozvo, muri kutambudzika. Ndiri kuona chikafu chichiuya pamberi penyu uyezve mobva maenda, saka ndinoziva. Nhai, hamusi mushumiri, zvakare here? Muri mushumiri weEvhangeri, zvakare. Handizvo here? Hongu, changamire. Uye—uye muri—muri mutendi, hamusi here, hama? Uye munoda kupodzwa, hamudaro here? Huyai pano kwechinguvana zvino, hama.

¹³⁷ Zvino, kuti ungano igonzwisisa, vamwe vevanhu. . . Ndinoda kuti vamwe venyu vasina makadhi ekunamatirwa kunze uko vatarise kuno, ndinoda kuti mutende.

¹³⁸ Hanzvadzi diki ichangobva kupfuura neapo uye iri kutambudzika neshuga iyoyo nezvimwe, achaita zvakanaka zvino, kuva neropa shoma.

¹³⁹ Zvino, ingovai nekutenda. Zvino mirai, pane mudzimai akanditarisa pano ari panhowo. Zvino, amai, ndinoda kukubatai nokungotaura nemi. Hamuna kadhi rekunamatirwa, uye muri mutsva kwandiri, uye handikuzivei, asi muri kurwara nearthritis. Handizvo here? Yakakuremadzi, zvakare. Handizvo here? Uye zvino, kana mukatenda nemoyo wenyu wese, uye kana apo minana yaMwari, kana, zvinhu zvotanga kuitika papuratifomu, dai ndaiva munzvimbo yenyu, ndinotenda kuti ndaizoti, “Jesu Kristu, ndinoKugamuchirai zvino.” Pane murume ari pano ari kudhonza ari kune rimwe divi remudzimai akagara apa ari muwiricheya zvekuti handisi kukwanisa kuona zviriri kuitika. Asi ndi—ndinotenda kana mukangoMugamuchira nemoyo wenyu wose, Mwari vanozokusunungurai, uye motosimuka muchibuda muchivakwa muri munhu akapora. Zvino fungai nezvazvo. Muri kuedza kuva nekutenda, hamusi here? Muri kuedza kuva nako. Mune chishuwo mumoyo menyu, zvakare, handiti? Ndinoona kufamba pedyo naMwari, kuti mufambe pedyo zvakananyanya, naVo, ndiri kuona kuti pamusoro penyu, wakaita semumvuri uri kutenderera pamusoro penyu.

¹⁴⁰ Mumwe munhu achangobva kuita. . . Mirai zvishoma zvino, Mweya waMwari uri kufamba. Ndinotenda kuti mudzimai akagara chaiko, kana kuti, murume, mumwe wavo, pano chaipo ango, kwete, ndinotenda kuti mudzimai ari kumashure uko pachigaro icho. Pane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka, ropa, handizvo here, hanzvadzi? Hamuna ropa shoma here kana chimwe- . . . Hongu, ipapo chaipo. Handizvo here? Simukai netsoka dzenyu. Jesu Kristu anokupodzai. Izvozvo. . . Amen. Mudzimai uyu chaizvo. . . Hongu.

¹⁴¹ Kune mumwe ari shure kwake, zvakare. Ndizvozvo. Simukai, amai. Ndizvozvo. Muri kuzozvikurira izvozvo.

¹⁴² Zvino chimbomirai zvishoma, amai, shamwari yenyu yakagara ipapo pedyo nemi, murwere wekenza, zvakanaka, simukai, hanzvadzi. Ishe Jesu vachakupodzai kenza iyoyo kana mukangotenda chete. Amen.

Zvino munhu wese iva nekuremekedza kwaungagona zvino. Horaiti, mwanakomana, hunza mudzimai uyo.

¹⁴³ Muri mutendi here, hanzvadzi? Munotenda here kuti Mweya Mutsvene uri pano zvino? Munotenda here kuti izvi zvamuri kunzwa ndiWo? Ndi—ndinokuropafadzai, hanzvadzi yangu, kuitira kupodzwa kwenyu, muZita raJesu Kristu. Endai munopora. Mwari vakuropafadzei.

Ivai nekutenda zvino, munhu wese tenda nemoyo wako wese.

¹⁴⁴ Zvino, hanzvadzi duku, muri kunzwa sei nezvazvo masikati ano? Muri mutendi here? Munotenda here kuti—kuti Mwari vakandituma kuti ndikuitirei izvi? Imi—imi munotenda zvechokwadi nemoyo wenyu wese here? Munotenda. Mungafungei kana ndikakwanisa, ndisina chandinoziva pamusoro penyu, kukuudzai dambudziko renyu? Zvingave zvakanakisa, handizvo here? Zvino tarisai, kuitira kuti muzive izvi kuti muve nechokwadi, manga makadai kwenguva yakareba, manga musiri here? Ndizvozvo, kubva muri mudiki. Uye honguka nazvino, maziso enyu ane astigmatism, zviri kukonzera izvozvo, maziso enyu haanyatsoona zvakanaka. Ndechimwe chezvisina kumira zvakanaka pamuri, handizvo zvoga. Zvino imiwo, zvakare...Ndinoona kuti—kuti hamuna kumbobvira magutsikana nezvamuri munzira yamakaedza kushumira Mwari nayo, makagara muchida kufamba kwakadzama naMwari, nokuti ndinoona mumvuri uri kutevera nzira yenyu. Muri kutambudzikawo nedambudziko remoyo, zvakare, (Handizvo here?), riri kukunetsai. Handizvo here? Zvino, ko kana...? Ichokwadi here ichocho? Ndakuudzai chokwadi here?

¹⁴⁵ Zvino, muchagamuchira here shoko rangu semuranda waMwari? Kana izvozvo...Kana ndichiziva zvakambove muhupenyu hwenyu, ndinoziva here zvichazove muhupenyu hwenyu? Muchati here pamberi paMwari zvino kuti munoVatora seMupodzi wenyu, uye muchaenderera mberi here makasimudza musoro wenyu, uye mofara, nekurumbidza Mwari, uye morarama pedyo naVo sezvamunokwanisa, uye mova mudzimai akapora? Mungada kuita izvozvo here? Huyai mberi.

¹⁴⁶ Baba vedu veKudenga, ndinoropafadza mudzimai wechidiki uyu, bvisai zvinhu zvose. Ari kushingairira nesimba, Ishe, kuti asvike pachinangwa ichocho, achiedza kusvika ikoko. Satani akatotsunga kumuendesa muguva nguva isati yakwana, asi Muri pano kuti mumupodze. Ndinomuropafadza, Ishe, kuti dambudziko remoyo iri rigomusiya, uye achave mudzimai a—akapora. MuZita raJesu Kristu. Amen.

¹⁴⁷ Zvino, imi zvitendei. Zvakanaka. Munogona kutobvisa magirazi enyu, hanzvadzi, mobva papuratifomu uye mupore. Muropafadzwe.

Ngatitii, “Ishe ngavarumbidzwe,” munhu wese.

¹⁴⁸ Zvakanaka. Zvino, inyaya yekunzwa kwavo. Ndiri kuona izvozvo zvino, mune yenyu...Maziso enyu haana kumira zvakanaka chaizvo, muri kupofomara. Uye munotenda here kuti Mwari vachakupodza? Nemoyo wenyu wose?

¹⁴⁹ Munooona, mumwe munhu akamira apo, andivharidzira zvino. Ndangoerekana ndazvibata zvisati zvapindamo. Ndinoona kuti...

¹⁵⁰ Zvino, mava kuita bofu. Uye Jesu Kristu ari pano kukupai kuona kwenyu, amai. Munozvitenda here izvozvo? Nemoyo wenyu wese? Zvino, amai, munogona kunge mati chemberei, asi Mwari vanokudai. Pandinobata ruoko rwenyu, ndinofunga nezvaamai vangu vanodikanwa vari kumba manheru ano vari kundinamatira; vanodaro husiku hwega-hwega. Uye rimwe remaropafadzo makurusa eZuva raAmai ramungagona kugamuchira iye zvino, kunze kweruponeso rwenyu—rwenyu, urwo rwamunarwo, kuti muzova, kuti mugone kuona zvakanaka nekufamba-fambawo zvakare. Izvozvo hazvingave zvakanaka here? Zvino, amai vanodikanwa, ndi—ndinoziva kuti rimwe remazuva ano kuti imi neni tinofanira kumira pamberi paIshe wedu Jesu. Zvino, ndichaMukumbira kuti akupodzei, uye tendai kuti zvandataura pamusoro paKe ichokwadi. Uye ndinoda kuti mukotamisa musoro wenyu zvino.

¹⁵¹ Baba vangu, saamai vanodikanwa vakarerekera musoro wavo pafudzi rangu, vachichema, vari bofu, Satani akaita zvakaipa izvi kwavari, tsinga dzemanzwiro dzakakundika mumaziso avo, uye vave bofu. Asi Muri pano kuti mudzoredze kuona kwavo, Baba. Vakamira vakazvininipisa kwazvo nekuzviisa pasi manheru ano, ndiri kufunga nezvaSara wekare, ndichifunga nezvaBhartimeo bofu pasuwo, murume waMakapfirira mate pavhu ndokuzodza maziso ake. Uye zvino, Baba, dai Manga muri pano manheru ano mumutumbi wenyama ugere pakati pedu, vaizomhanya, vozendamisa musoro wavo pabendekeke reNyu, Maizovaropafadza, Baba vanodikanwa. Uye ndinoziva angu... Ndiri mutsivanisi asingakodzeri, asi, Mwari Vanodikanwa, dai Manga muri kutsvaga kururama, kwaizowanikwepi? Saka Baba, ndinovaropafadza, kuti Muvape kuona kwavo zvakare. MuZita reMwanakomana weNyu Jesu, dai mweya wehupofu uhwu hwasiya amai ava vakwegura, uye dai vakakwanisa kuona iye zvino. MuZita raJesu Kristu. Amen.

¹⁵² Zvino, amai, ndinoda kuti mutarise kuno kwandiri. Muri kundiona here? Muri kundiona zvakanaka here? Ndinoda kuti muise munwe wenyu pamhuno yangu, kungoitira kuti mugoziva kuti ini... Munokwanisa kuona minwe yangu here? [Hanzvadzi inoti, “Ndinogona kuona zvisihoma, hazvo.”—Mupepeti] Zvakanaka, mava kuona minwe yangu here zvino? [“Oo, hongu.”] Muri kuona here? Mingani yandasimudza? [“1.”] Saka, mingani zvino? [“2.”] Hezvoka izvo, amai, mava nekuona kwenyu.

¹⁵³ Chii chaitika, Satani, mweya wehupofu... Zvino, Bhaibheri rakati, “Kana mweya wematsi nembeveve...” Zvino, chiremba angati yaive—yaive ear drum yenyu yakafa, kana kuti maziso enyu akafa, tsinga, munoziva. Asi teererai, zvazviri, chinhu choga chaanotaura, tsinga yacho yakafa. Asi chii chakaita kuti ife? Paiva nechimwe chinhu chakaibata pamweya, haina kufa mumuviri wenyu wese, yakangofira bedzi ipapo.

Zvakanaka. Zvino, dai ndaiva nekabhandi kanoonesa zvemukati kakamoneredza ruoko rwangu, kakarwubata *saizvozvo*, kovhara kufamba kweropa. Maona? Saka zvino, mushonga wese wandingaisa paminwe yangu hawaizorubatsira, chinhu chekuita kusunungura aka kuitira kuti zveasikirwe zwiwane kufamba zvakare. Ndizvo here? Zvino, simba reku—kuona, tsinga yemaziso, ranga risiri kufamba muziso renyu nekuda kwechimwe chinhu chemweya, dhimoni, mweya wehupofu wanga wakabata tsinga yenyu nekuidzvinya. Maona? Zvino waenda, ndicho chikonzero mave kukwanisa kuona zviri nani.

¹⁵⁴ Muchaita zvakanaka. Muri kuona zvakanaka here zvino, zvakanaka? Maona...? Vanoti vave kuona zvakanaka zvino. Mwari vakuropafadzei, amai vangu. Endai mube papuratifomu mega henyu, muchipembera nekurumbidza Mwari. Ngatitii, “Mwari ngavarumbidzwe.”

¹⁵⁵ Makadini, hanzvadzi? Huyai henyu. Munodawo kupodzwa maziso enyu, zvakare, hamudi here? Munotenda Mwari here? Kana Vakwanisa kuita kuti mudzimai uyo anga ava kutoita bofu chairo, neuya husiku hwapfuura anga asingachaona zvachose, Vanogona kukupai kuona kwenyu here, hanzvadzi? Zvino, chandinoda kuti multe kutenda kuti iChi chiri pedyo zvino chichakuropafadzai. Zvino, kana mukatenda nemoyo wenyu wese kuti Mwari vachazviita, Vachayerera vachiuya kwamuri vokupodzai, nekukuropafadzai, uye vobvisa izvozvo pamuri. Meso enyu ari—ari kuenda achiipa, ari kuwedzera kuipa nguva dzose. Handizvo here? Chinhu chimwe chete, isimba radhiyabhore, hanzvadzi, riri kuvharira... Vanachiremba hapana chavachagona kuita nezvazvo, nekuti, munoono, zva—zvapera, atozvita. Zvino, kana izvozvo... Zviri kungovhara tsinga ipapo, tsinga yemaziso, simba harizofamba nemairi zvachose.

¹⁵⁶ Zvino, tsinga haina kuvharwa muruoko rwenyu, kana—kana kumwewo zvakare, zviri muziso renyu; dai zvaiva munzeve dzenyu, zvino maisagona kunzwa. Zvino, chiremba aizoti tsinga yakafa, hongu anongoshanda nepfungwa 5. Asi Jesu akati, “Mweya wematsi pawakabuda mumunhu,” mweya wematsi. “Mweya wehupofu pawakabuda mumunhu.” Maona? Iye... Unotova mweya, chinhu chemweya.

¹⁵⁷ Zvino, munozvitenda here nemvumo yeShoko raMwari kuti ndakatumwa pano kuti ndikunamatirei munamato wekutenda uchadzinga mweya iwoyo kubva pamuri, uye muchapora? Huyai henyu, hanzvadzi yangu.

¹⁵⁸ O Mwari, fungai, tsvimbo chena muruoko rwavo vari mumugwagwa. Ino ndiyo nguva yacho. O Mwari, ndichiona chiratidzo apo chokuti vanga vakatovadzosa uye pachisina chinogona kuitwa, asi iMi munogona kuvapodza.

¹⁵⁹ Satani, siya mudzimai uyu, iwe mweya wehupofu, buda maari, muZita raJesu Kristu! Amen.

¹⁶⁰ Munotenda here zvino? Zvinoka, bvisai magirazi enyu mupfuurire mberi. Um-hum.

Havoka voenda vasina magirazi avo. Uye vanga vari... Zvakanaka. Munhu wese huyai henyu mberi zvino; munhu wese tenda nemoyo wako wese.

¹⁶¹ Makadii, hanzvadzi? Ndiri kuona kuti makapfekawo magirazi, zvakare. Hongu, amai. Zvino, ticha... Zvino, ndinoda kuti mu—munditarise. Zvino, tiri vanhu vasingazivane, handizvo here, hanzvadzi? Handisi kuedza...zvakangokwana kusvika ndaona kuti chii chiri kukunetsai, uye tobva taenderera mberi chaiko. Zvino, ndinoda ku—ku—kutura nemi zvakakwana kuti ndibate. Kwete, asi haasi maziso enyu amuri kuti apodzwe. Mune arthritis, hamuna here? Handizvo here? Zvakanaka. Ndinoda kuti muuye pano kwechinguvana.

¹⁶² Baba vedu veKudenga, Satani akasunga hanzvadzi yedu, asi Muri pano kuzomudzikinura.

¹⁶³ Muregedze, iwe Satani, muZita raJesu Kristu, buda mumudzimai uyu!

¹⁶⁴ Zvino, munganditeerawo here semuranda waMwari? Simudzai maoko enyu, muZita raIshe Jesu, Dzana-dzanai netsoka dzenyu sezvizi. Arthritis yaenda, mato...Amen. Zvino, pano...?...

¹⁶⁵ Havasisina kuomarara zvakare nearthritis, Mwari vavapodza kubva kwairi. Kwete izvozvo zvoga, asi maziso avo apodzwawo zvakare, anga akadzimaidzika, zvapera, tsanga seri kweziso. Zvino munhu wese ngaave nekuremekedza uye tenda nemoyo wako wese. Iva nekutenda muna Mwari, uye Mwari vachaita kuti zviitike.

¹⁶⁶ Zvakanaka, unzai mudzimai wacho zvino. Zvakanaka. Makadii henyu, hanzvadzi? Ndiri—ndiri kuona muchiverenga rimwe—rimwe pepa pano, manga muchidaro, rechapupu chacongressman imomo. Zvanga zvichishamisa, handizvo here, amai? Zvakaisvonaka kwazvo. Hongu, amai. Mune zvinhu zvakati wandei zvisina kumira zvakanaka pamuri. Handizvo here? Dambudziko reitsvo ranga richikunetsai kwenguva, dambudziko remadzimai rekare nezvimwe zvinhu. Uyezve mune arthritis, zvakare, handizvo here, hanzvadzi? Ndiri kukuonai muchiedza kubva pamubhedha mangwanani, munoomarara husiku. Handizvo here? Ndizvozvo. Simudzai maoko enyu. Jesu Kristu anokupodzai iko zvino, hanzvadzi. Ehe. Itai muchisimudza tsoka dzenyu muchidziisa pasi sezvizi. Itai zvekugiya...Musatya. Fambisai tsoka dzenyu muchidzisimudza nekudzidzikisa pasi saizvozvo. Munogona kugamuchira kwenyu...Ndizvozvo, amai. Burukai papuratifomu muchiti, “NdinoKutendai, Jesu Anodikanwa,” zvapera.

Ngatitii, “Mwari ngavarumbidzwe.” Hanzvadzi yedu yapodzwa. Ndizvozvo. Zvino munhu wese iva nekuremekedza paunouya.

(Zvakanaka, mirai zvishoma. Regai ndiwane mumwezve uyu, kana mukadaro, pasi pekunzvera.)

¹⁶⁷ Ndizvo zvamanga muchida kuti nditaure, zvisinei. Manga muchishaya kuziva. Zvino, musahuta-huta, munoona; manga muchihuta-huta kwenguva yakati kuti. Zvino, izvi zvamuri kunzwa zvino, hanzvadzi, haChisi chekukukuvadza, Chinhu chekukubatsirai. Maona? Chinhu chichakubatsirai, iNgirozi yaMwari. Inovhundutsa mweya wenyu—wenyu, honguka.

¹⁶⁸ Zvino, munohuta-huta zvakanyanya, handiti? Makave nako kubva pamakabva panguva yekuguma kubereka zvino; manga muri makuri kwenguva yakati kuti. Handizvo here? Ndizvo chaizvo. Munonzwa manzwiwo chaiwo ekurukutika anouya pamusoro penyu. Handizvo here? Uye chimwe chinhu, mune chirwere cheshuga here, zvakare, murupa renyu? Ichokwadi here? Ndizvozvo. Zvakanaka, dambudziko reitsvo ranga richikunetsai, dzinorwadza nekunetesa. Manheru nguva dzaenda, munoenda kunogara pachigaro kuti...Handizvo here? Mwari vakuropafadzei, amai. Ibvai henyu papuratifomu mugopora, muZita raIshe Jesu.

¹⁶⁹ Ngatitii, “Ishe ngavarumbidzwe.” Zvakanaka. Munhu wese ngaaremekedze. Zvino mirai zvishoma. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]...sezviri pamusoro peungano ino zvino, kuri kungotaridzika sekwakachenuruka, zvichiita semataridzikiro eruomba zvakaremba muchivakwa. Handiti, ndiWo Mweya Mutsvene. Uye—uye shamwari, Uri pese-pese pamusoro penyu. Uye munogona kupodzwa kana mukangoZvitenda. Zvino, kana ndikakwanisa, kana Mwari vakandibatsira, ndichaedza kunamatira ungano.

¹⁷⁰ Uye ndiri kuona kuti tine vamwe vanhu vari zasi pano vari mumawiricheya, ndiri kuzoburuka ndokunamatirai. (Zvino, musandirega ndichipera simba zvakanyanyisa ndisati ndasvika kuvanhu avo vari mumawiricheya.)

¹⁷¹ Zvino, zvino, hanzvadzi, muri ipapo panhowo, edzai... Ndiri kuedza kukuonai, kana ndingakwanisa. Handizive kuti chii chaitika, pane 2...pakati pepano, munoona, zvandivharidzira. Zvino, edzai kutenda nemoyo wenyu wese.

¹⁷² Uye imi apo mune madondoro, hama yangu, muchigaro, ivai nekutenda zvino, tendai nemoyo wenyu wese.

¹⁷³ Zvino, munhu wese angandibatsira here kunyengeterera vanhu ava apo tichinyengetera?

¹⁷⁴ Baba, ropafadzai hanzvadzi yedu inodikanwa manheru ano, uye dai vakapodzwa zvino, uye vabve muchivakwa chino vapora. MuZita raJesu Kristu. Amen.

¹⁷⁵ Chiendai muchibva pano. Imi uyai henyu, anotevera wacho. Makadini henyu, hanzvadzi diki? Oo, ini zvangu, ini... Chii... Munoziva zviri renyu...? Munoda here kuti ndikutaurirei dambudziko renyu? Kukombama kwemuzongoza. Handizvo here? Zvakanaka.

¹⁷⁶ Mwari, ropafadzai musikana mudiki uyu anonzvisa urombo, uye dai akapora, muZita raJesu Kristu.

Oo! Mwari, ropafadzai musikana mudiki uyu, Baba. Ndinonamata kuti Mumupodze nekumuita kuti aite zvakanaka. MuZita raJesu Kristu. Amen.

Munotenda here kuti achaita zvakanaka?

Huyai henyu, hanzvadzi.

Baba, ndinonamata kuti Muropafadze hanzvadzi yedu, uye muvapodze. MuZita raJesu Kristu, ndinozvikumbara. Amen.

Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi.

Zvakanaka. Huyai, amai.

Baba, ndinonamata kuti Muropafadze hanzvadzi yedu nekuvapodza pandiri kuvaropafadza. MuZita raJesu Kristu. Amen.

¹⁷⁷ Makadii henyu, hanzvadzi? Hongu. Imi—imi mune kutenda, hamudaro here? Munotenda here kuti arthritis yatokusiyai, hanzvadzi, kare.

¹⁷⁸ Zvakanaka. Nemiwo zvimwe chetezvo, hanzvadzi. Endai, muchitenda zvino nemoyo wenyu wese uye muzvigamuchire, muZita raIshe Jesu Kristu.

¹⁷⁹ Munhu wese tenda nemoyo wako wese. Zvakanaka.

Munotenda here kuti zvichamusiya kana ndikakumbira?

MuZita raJesu Kristu, mwana mudiki uyu ngaapodzwe, naamaiwo, zvakare.

Endai zvino, ari kuzopora, dambudziko racho riri kuzomusiya, achaita zvakanaka.

MuZita raIshe wedu Jesu Kristu, ndinokumbira kupodzwa kwehanzvadzi yangu, muZita raJesu.

Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi inodikanwa.

Munotenda here, hanzvadzi, nemoyo wenyu wese?

MuZita raiye, Jesu Kristu, ndinokumbira kuti vapodzwe.

¹⁸⁰ Zvino, izvozvo... Huyai, hanzvadzi. MunoMutenda here nemoyo wenyu wese? Zvakanaka. Kana muchidaro, Mwari vachakuitai kuti mukunde dambudziko remoyo iroro.

¹⁸¹ MuZita raJesu Kristu, ndinokumbira kupodzwa kwavo. Amen.

¹⁸² Munotenda here, hama yangu?

¹⁸³ O Mwari, ndinoropafadza hama yangu kuitira kupodzwa kwemuviri wavo. MuZita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari. Amen.

¹⁸⁴ Munotenda here zvino, hama, nemoyo wenyu wese? Chimwe chinhu chaitika. Ndinofanira kukuudza izvi, munooni, nekuti imi—imi hamungazvikuriri kunze kwekunge—kunze kwekunge ndakuudza. Uye kana ndikakuudza, munondigamuchira semuporofita waMwari here? Mune chimwe chinhu chamakabatirira pachiri, chamusiri kusiya (Handizvo here?), tsika yamuinayo yamunofanira kusiya. Ndizvozvo chaizvo. Endai. Mwari vakuropafadzei.

Zvakanaka. Mungatenda here, hanzvadzi yangu?

MuZita raJesu Kristu, ndinokuropafadzai, hanzvadzi, kuitira kupodzwa kwenyu.

Uye endai muchitenda zvino, muchawana kupodzwa kwenyu.

¹⁸⁵ Zvakanaka. Munotenda here, hanzvadzi yangu? Zvinhu zvakanaka kwazvo: kurukutika, nguva yekuguma kubereka yakurumidzisa, arthritis, nekungotiwo, zvakanaka... Handizvo here? Zvakaipa kwazvo. Endai mugopodzwa, hanzvadzi, muZita raIshe wedu Jesu.

Zvakanaka. Huyai, hanzvadzi inodikanwa.

Baba veKudenga, ropafadzai hanzvadzi yedu mugovapodza iye zvino. MuZita raJesu Kristu, ndinozvikumira.

Zvakanaka. Muri kutenda here, hanzvadzi?

MuZita raJesu Kristu, ndinokuropafadzai kuitira kupodzwa kwenyu.

Endai, farai zvino, muchiti, “Maita heNyu, Ishe Jesu.”

Zvakanaka. Munotenda here zvino, hanzvadzi?

MuZita raJesu Kristu, ndinoMukumbira kuti akupodzei iko zvino, uye muite zvakanaka.

Endai muti, “Maita heNyu, Ishe.”

¹⁸⁶ Zvino, ungano, uh, vanhu, imi—imi tangai kutenda Mwari pamunongobva pano, moti, “Maita heNyu, Ishe. Maita heNyu, Ishe.” Munhu wese achiremekedza.

Zvino, munotenda here, hanzvadzi?

NemuZita raIshe Jesu, podzai hanzvadzi yedu kuitira kubwina kweNyu. Amen.

¹⁸⁷ Zvakanaka. Zvino, hanzvadzi, munofungei nezvazvo? Munotenda nemoyo wenyu wese here? Mirai zvisvoma, zviri kuita se... pane kuita kuri ipapo, kuri kuita sekundideresa zvisvoma. Tarisai neche uku kwechinguvana. Ndiri kuona chimwe chinhu chisinganzwisike chiri kushanda pamuri, icho... Mune kakutya zvisvoma, handizvo here? Muri...

Zvinoka, zvazviri, inguva yehupenyu yamuri mairi, mune dambudziko rechidzimai. Saka, zvino ndinoda kuti muende mugopodzwa, muZita raJesu Kristu. Amen.

Horaiti. Horaiti. Munotenda here, hanzvadzi?

MuZita raJesu Kristu, ndinokumbira kupodzwa kwenyu. Zviiteiwo, Ishe.

Zvino endai muchipembera, muchifara.

¹⁸⁸ Zvakanaka. Munotenda here, hanzvadzi? Mungada kudya sezvamaisiita here (Handizvo here?) uye mova nemudumbu makanaka zvakare? Mwari vakuropafadzei. Endai munoita sezvamunoda kuita, ameni, muZita raJesu Kristu.

¹⁸⁹ Zvakanaka. Munoda kupora dambudziko rechidzimai, handizvo here, hanzvadzi, uye mugopodzwa? Endererai mberi. Mwari vakuropafadzei. Amen.

Ngatitii, "Ishe ngavarumbidzwe."
(Handichatongokwanisi. . .)

¹⁹⁰ Zvakanaka. Mwari vakuropafadzei, hama. Endai munodya zvamunoda zvino, uye muve nekushinga, uye Mwari vachakuropafadzai nekukupodza.

¹⁹¹ Zvakanaka. Huyai zvino. Zvakanaka, hama. Kana mukatenda nemoyo wenyu wese, muchapodzwa uye kuona kwenyu kuchadzoka kwamuri zvakanaka.

¹⁹² Mwari ropafadzai hama yedu, muZita raJesu.

¹⁹³ Zvakanaka. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Huyai zvino. Muri kuda kupora, hamudaro here, kukurira dambudziko renyu remoyo?

¹⁹⁴ MuZita raJesu Kristu, ngavapodzwe.

(Ko munoti kudii nazvo zvino? Munhu wese. . . Munoti kudii? Munoda kuti ndipinde imomo here? Ndivo vese here, kana kuti masara nevamwe vashoma?)

¹⁹⁵ Zvino, vaisa vanhu mumawiricheya, vachaita mutsara, uye ndichaburuka, ndiri kuzonamatira vamwe vose ava. Uye rambai muchipfuurira muchirumbidza. Ngatitorei vasara vose vemutsara uyu vapfuure. . . ? . . . Achaunza vamwe vese kuti vapfuure. Zvakanaka, hunza mudzimai uyo kuno.

Huyai zvenyu, hanzvadzi inodikanwa. Zvakanaka.

Baba veKudenga, ndinonamata kuti Muropafadze hanzvadzi yedu nekuvapodza muZita raJesu Kristu. Amen.

Zvave nenguva yakareba sei izvo zviri paruoko rwenyu. . . ? . . .

¹⁹⁶ Huyai, hanzvadzi. Hamungade here kudya nekuva muri mutano sezvamaisimbova? Ndingaziva sei kuti ndizvo zvanga zvichikunetsai? Kuburikidza chete naJesu Kristu. Ndizvo here? Zvino chiendai, maropafadzwa naMwari, uye muchapora,

hanzvadzi. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi inodikanwa. Amen.

197 Zvakanaka, hanzvadzi yangu. Oo, zvinhu zvakanakawanda zvamuri kutambudzika nazvo, dambudziko remoyo, nekuva nechinhano chekuhuta-huta chakaipa.

198 O Mwari Vanodikanwa, ndinonamata kuti Mupodze hanzvadzi yedu momuita mutano, muZita raJesu Kristu. Amen

Hongu, ndosaka tsinga dzenyu...?...

199 Zvakanaka. Oo, ini zvangu! Hama inodikanwa, ndiri kuona kuti muri padondoro. Munofungei pamusoro peizvi? Munozvitenda here kuti ichokwadi? Munodaro. Zvino, ini—ini handikwanise kukupodzai, hama yangu, asi ndichakwanisa kuziva kuti mune dambudziko rei, kana mukanditenda semuporofita waMwari. Munozvitenda here nemoyo wenyu wese? Munodaro? Izvo zvamuri kunzwa iye zvino, neMweya, ndiyo Ngirozi yaMwari.

200 Dambudziko renyu harizivikanwe nevanhu. Munongopera simba chaizvo, hamudaro here? Kungopera simba, kupera simba zvakananyanya. Uye munofamba pazviri kuda kachikamu ka—kadiki kenguva, uyezve munobva mangopera simba uye mogara pasi. Ndizvo here? Ndizvozvo? Ndingaziva sei kuti maiita saizvozvo? Kungobudikidza bedzi nechiratidzo ndiyo nzira chete yandingaziva nayo, nekuti handikuzivei. Ndizvo here? Zvazviri, tsinga dzenyu dzakundika, hama, mumuzongoza wenyu. Zvino huyai pano kwechinguvana.

201 O Mwari, ropafadzai murume uyu, mupei simba, Makati, “Uyo asina simba ngaati, ‘Ndine simba.’” Zviiteiwo, Ishe, pandiri kumuropafadza. MuZita raJesu Kristu. Amen.

202 Ndinoda kuti mufambe muchibva papuratifomu, torai dondoro renyu rekare murikande pasi ipapo moenda kumba...?...

203 Zvakanaka. Huyai, hanzvadzi mupodzwe zvino, muZita raJesu Kristu, nezvedambudziko renyu reziso. Amen. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi.

Zvakanaka. Munotenda here, hama yangu?

MuZita raIshe wedu Jesu, podzaiwo hama yangu. Amen.

Endai muchitenda, hama.

Munotenda here, hanzvadzi?

MuZita raIshe Jesu, podzaiwo hanzvadzi yangu.

Munotenda here, hanzvadzi?

MuZita raJesu Kristu, gamuchirai kupodzwa kwenyu. Amen.

MuZita raJesu Kristu, gamuchirai kupodzwa kwenyu, hanzvadzi yangu.

Endai, muchifara zvino.

MunoMutenda here hanzvadzi?

MuZita raJesu Kristu, gamuchirai kupodzwa kwenyu. Amen.

²⁰⁴ Ishe ngaVarumbidzwe! Zvakanaka, tose ngatitii, “Ishe ngaVarumbidzwe.” Tingosimudza maoko edu tiMurumbidze. Zvakanaka. Zvino, kune boka revanhu vari zasi pano vari mumawiricheya vatisina kusvika kwavari. Zvino, ndinoda kuti munhu wese anamate pamwe neni. Zvino, vanhu ava havana makadhi ekunamatirwa, uye ndiri kungoenda zasi kunovanamatira, zvakadaro, nekuti ivo—ivo vakagara pano; vamwe vavo, ndinofunga kuti 1 kana 2 vane makadhi ekunamatirwa. Uye ndinoda kunamata navo, ndinoda kuti hama dzangu vashumiri dzibatane neni.

²⁰⁵ Zvino, ndichakwanisa kutaurira mumwe nemumwe wavo kuti zvakaitika sei, nezvose pamusoro pazvo, asi kukupodzai, handikwanise. Asi ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Muchagamuchira here Ishe wangu Jesu seMupodzi wenyu kana ndauya kuzokunamatirai? Regai vamwe vevashumiri vamire pano pamwe navo, kuitirawo, zvakare, kuti vagone—vagone kuvapo pane izvi, zvese.

²⁰⁶ Ndinoda kuti ungano ive nekuremekedza. Mwari vanogona kuita zvimwe zvishamiso zvikuru ipo pano. Zvino, vakaremara nevanotambudzika chete, vakanyatsoremara nevakamonyana zvekuti havagone kubuda. Ingovaregai vagare pasi ipapo. Zvino munhu wese ngaave nekuremekedza. Regai vamwe vevashumiri vamire kumashure kuno chaiko.

²⁰⁷ Shamwari dheChikristu, vangani vachabatana pamwe neni mumunamato pandiri zasi kuno ndichishumira kuvanhu ava? Muchatenda neni nemoyo wenyu wese here? Muchava nekuremekedza here uye mogara makakotamisa musoro wenyu nekuva mumunyengetero? Uye tiri kukumbira Ishe wedu Jesu kuti apodze vanorwara ava uye...Ko dai ava vanga vari vanhu wenyu vagere pano, vamwe vavo vose vakamonyana ne—nekuremara, uye vamwe mapofu zvachose, vakabata tsvimbo dzavo mumaoko avo? Ndinotenda kuti Ishe vedu Jesu vachavapodza. Zvino, munhu wese ngaagare pasi, wese kunze kwevakaremara. Vakaremara chete pano zvino.

[Hama Hall vanoraira ungano—Mupepeti]

²⁰⁸ Zvino, kunemi makaremara uye makamonyana uye vanotambudzwa pano, moyo wangu unokunzwirai pamunondiona pano papuratifomu ndichipa maropafadzo kune vamwe vevanhu. Pakambova nevakati wandei vavo pano vakaremara nevakamonyana vakapodzwa; makanzwa

nezvazvo. Semuenzaniso, VaUpshaw pano vaive vakaremara kwemakore 66, hapana kana mumwe wenyu aive muchinhano chavaive vari kubvira vachiri mukomana mudiki, uye vakaedza kupodzwa pavakave nemakore 17 ekuberekwa pavakava nemusana wavo wakatyoka kutanga. Vaive saPurezidhendi Roosevelt, purezidhendi wedu mushakabvu, kubva muchiuno chavo zvichidzika ndipo pazvaive. Ndaingokwanisa kuita sezvandakaudzwa naMwari kuti ndiite, kuona chiratidzo ndovaudza nezvazvo, zvaizoitika.

²⁰⁹ Kwete ivo chete, asi vamwe vakagara pano mumawiricheya vachisiri mumawiricheya manheru ano vakapodzwa, vazhinji venyu munozviziva izvozvo. Phoenix, vhiki riri shure kwerapfuura, kuti Mwari vakavabvisa sei kubva pamawiricheya.

²¹⁰ Pandimire pano, ndakakutarisai, ndinogona kukuudzai kuti chii changa chisina kumira zvakanaka nemi, asi chikonzero vamwe ndisingadaro...nguva zhinji kutura nevari mumawiricheya, mumwe munhu anongoti, “Zvinoka, chero ani zvake anogona kutarisa zasi ikoko oti murume uyo akaremara.” Ndizvozvo chaizvo. Shumiro yangu haina kuzembera zvakanyanya mune izvozvo, ndeyekuona munhu ane hutano wobva wamuudza zviri kunetsa, munooona, munhu anotaridzika kuva mutano, uye kana...muchazvicherechedza.

²¹¹ Uye manheru ano, ungano, kunemi vaenzi, ndaedza kuZvidzivisa zvakanyanya nepanokwanisika kuti ndirambe ndine simba rangu rekuuya zasi kuzonamatira vanhu ava. Zvino, ndichakubvunzai chimwe chinhu: Munotenda here kuti ndataura chokwadi, imi vakaremara nezvimwe? Ndiri—ndiri kuzoburuka ndo—ndo—ndokumbira Mwari kuti vakuropafadzei, uye ndokunamatirai, munhu mumwe nemumwe, zvakare ndinoda kuti mutende kuti Mwari vachakupodza. Zvino, Vanogona kuzviita iye zvino. Kana muchinzwa kudaro, kutenda kwekuti muchasimuka, zvakanaka; kana musingadaro, saka zvino tendai kuti Vachakupodza. Kana muine kutenda kwakadaro, zvinotora nguva yakareba kuzvibuditsa, asi Jesu akati, “Maringe nekutenda kwenyu, ngazvive kwamuri.” Asi zvino, kana uine kutenda kukuru, unotokwanisa kutopodzwa pakarepo zvino.

²¹² Ndiri kuona vamwe varume mapofu vakagara pano netsvimbo, ndinoda kuti mutende. Uye ndinoda kuti ungano yose...Ko dai ava vanga vari baba naamai vako kana mumwe munhu agere pano?

²¹³ Zvino ngativei takaperera. Chinhu bedzi chandinogona kuita kuenda kunovanamatira. Zvino, kana vachida kuziva kuti chii chakakanganisika uye kuti chii chakaitika, Mwari vachazvizarura izvozvo, zvinogona kuitwa. Asi vanoda kunamatirwa, uye vanotenda kuti kana ndikauya

kuzovanamatira, Mwari vachavaita kuti vapore. Uye ndinotenda kana vakazvitenda nemoyo wavo wese, zvichaitika iko zvino. Uye kana vakazviita . . .

²¹⁴ Uye kana zvikasadaro iko zvino, usawodzwa moyo, zvinogona kuva muha—hafu yeawa kubva zvino, zvinogona kuva muvhiki kubva zvino, handizive, asi zvichaitika kana ukazvitenda. “Maringe nekutenda kwenyu, ngazvive kwamuri.” Kana riri Gwaro, ungano ngaiti, “Ameni.” Zvino imi tendai nemoyo wenyu wese.

²¹⁵ Kangani katakavaona vachibva kuchipatara chevanorwara nepfungwa uye vakapfeka majaketi evarwere vepfungwa, nezvinhu, uye vava kumba zvino, uye vatova vanhu vakanyatsopora, munoono, nemhando dzose dzematambudziko?

²¹⁶ Zvino, hama vashumiri vachange vachinamata pandiri kunamata; Handizive kana ungano ichaitawo zvimwe chetezvo, kana mukakotamisa musoro wenyu. Hama Hall, imi garai pamaikirofoni pano. Uye mwanangu, huya uende pamwe neni zasi mumutsara uyu.

²¹⁷ Ndiri kuda kuti Mwari vadane mwanakomana wangu kuti anamatire vanorwara. Uye ndiri kuda kuona chimwe chinhu chichiitika kutanga kuzvisimbisa, munoono. Ndinoda kuti ange aineni pazvinenge zvichiitika. Zvakanaka.

(Imi ingei muchitaura kuungano.) [Hama Hall vanotaura kuungano Hama Branham vari kunamatira vari kurwara. Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

²¹⁸ Shamwari dzeChikristu, kunemi munotenda nemoyo wenyu wese, zvino munhu wese ingova nokuremekedza sezvaungagona, ndinotenda kuti Mwari varopafadza mumwe nemumwe wenyu kuitira kupodzwa kwenyu. Mumwe murume ari pano ari kuyedza maziso ake kuno nekoko, uyo anga ari bofu. Mumwe mudzimai ari kuisa tsoka dzake kunze kwewiricheya pano, mudzimai wechitema, ari kuzosimuka kubva ipapo mumaminitsi mashoma. Heuno mumwe mudzimai atosimuka. Zvakanaka. Zvino munhu wese ngaave nekuremekedza. Mweya Mutsvene wa . . . Vanhu varopafadzwa, ndinotenda nemoyo wangu wese.

²¹⁹ Zvino, ndinoda kuti ungano isimuke, munhu wese ari muchivakwa. Shamwari dzinoshumira, ndinoda kuti mufambe mberi zvino moisa maoko enyu pamusoro pe—pamusoro pevanotambudzwa, hama dzangu vashumiri vari pano, fambai muuye mberi mugois maoko enyu pamusoro pavo, kuti mugovayamura muchivabatsira mukutenda kwavo kuti vasimuke kubva pamawiricheya uye vagopodzwa. Zvino, ndinoda kuti munhu wese musimudze maoko enyu kuna Mwari sezvizi patiri kunamata.

²²⁰ Zvino, amai, mudzimai wechitema ari pano, ndinoda kuti musimuke kubva ipapo. Uye nemudzimai uyu ari pano, neuko, ndinoda kuti mutende zvino nemoyo wenyu wese.

Makristu ese namatai.

²²¹ Zvino, Baba, taropafadza vanhu ava muZita reNyu, tichiziva chinhu chimwe chete ichi kuti Makavimbisa kuti “Zvingavei zvamunoshuvira, pamunonamata, tendai kuti munozvigamuchira.” Kana Magona kubvisa mudzimai anonzvisa urombo uyo anga akasungwa nekumonyana apo panhovo iyo kubva panhovo iyoyo, Munogona kubvisawo mumwe nemumwe wavo, Ishe. Zviiteiwo iko zvino kuti vagopodzwa uye vagoita zvakanaka. Inzwaiwo munamato wemuranda weNyu akazvininipisa, Baba. Zvino, zviitei, Ishe.

²²² Satani, iwe wakasunga vanhu ava, vanamatirwa, Maropafadzo aMwari akumbirwa pamusoro pavo, iwe uri mukundiki.

²²³ MuZita raJesu Kristu, simukai kubva ipapo! Heuno mudzimai, akaremara, abuda pachigaro, achiuya mberi, asimuka. Tarisai pano, achibuda kubva muwiricheya, achifamba asina...Ishe ngavarumbidzwe! Heuno mumwezve asimuka, mumwe mudzimai akaremara ari muwiricheya, ari kusimuka, achirumbidza Mwari. Ngatisimudzei maoko edu tichipa Mwari rumbidzo, kwese-kwese. Ndizvozvo. Simukai neche uko. MuZita raIshe Jesu, simukai netsoka dzenyu! Mukomana mudiki, tambanudza ruoko rwako ipapo ugopodzwa. Mawiricheya ari kusundirwa shure. Vanhu vari kuwira mumawiricheya acho, uye vari kuva neinobwinya...Hareruya! Mwari ngavarumbidzwe!



51-0505 Kutumwa Kwangu
Calvary Temple
Los Angeles, California U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org